Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Ngajrak

R. Ng. Yasadipura I

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

rektorat
dayaan
3

889.2238
YAS
m

MENAK NGAJRAK

N[illegible] [illegible]AN
DI[illegible]RAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR

PERPUSTAKAAN
DIT TRADISI DITJEN NBSF
DEPBUDPAR
NO. INV : 2176
PEROLEHAN :
TGL : 6-11-09
SANDI PUSTAKA :

PPS/Jw/6/81

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

MENAK NGAJRAK

Oleh
R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
SUDIBJO Z. HADISUTJIPTO

PERPUSTAKAAN
DIREKTORAT SEJARAH &
NILAI TRADISIONAL

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka
BP No. 1123
Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN
DIT. SEJARAH & NILAI TRADISIONAL

Nomor Induk : 1069 / 1986.
Tanggal terima : 20 – 11 – 1985.
Tanggal catat : 14 – 1 – 1986.
~~Beli~~/hadiah dari : pro. pen. pk. Sej. & d. tradisional.
Nomor buku :
Kopi ke : 1

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antar suku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah, Jawa yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

1. Sang Amir nonjok serta panantang dhateng Prabu Jobin tuwin Prabu Nusirwan. 9
2. Raja Tamtanus dados utusan badhe dipun pejahi. 14
3. Pejahipun Raja Kistaham. 19
4. Para ratu andelipun Prabu Jobin kasoran dening sang Amir. 30
5. Sang Amir ketaton, lajeng mlajeng dhateng Mekah. 41
6. Umarmaya lan para raja wangsul dhateng Mekah. 46
7. Retna Muninggar andhustha gandum dhateng pakuwonipun Prabu Jobin. 52
8. Umarmaya dados pandung. 58
9. Sang Amir pinintasraya ing raja jin. 69
10. Sang Amirang kaliyan wadya ditya mengsahipun sang raja jin. 80
11. Sang danawaraja pejah dening sang Amir 88
12. Sang Amir badhe wangsul dhateng Mekah dipunbegal danawa. 94
13. Sang Amir kecemplung ing endhut. 103
14. Sang Amir dhaup kaliyan putri jin. 107
15. Sang Amir puputra putri nama Dewi Kuraisin. 115

I. SANG AMIR NONJOK SERAT PANANTANG DHATENG PRABU JOBIN TUWIN PRABU NUSIRWAN.

DUDUKWULUH

1. Akukuwu lan sawadya para ratu
   Wong Agung aken nunulis
   mring raka Abas agupuh
   wus karya surat kakalih
   satunggil mring rajeng Kaos.

2. Kang satunggil marang sang prabu Medayun
   Umarmaya kang tinuding
   mesat saking ngarsa sampun
   ambekta surat kakalih
   asigra Ki Tambakcangkol,

3. Prapteng tepining Bakdiatar angrungu
   swaraning turangga muni
   tuwin wadya lit gumuruh
   kadya warsa sinemeni
   saking kehe bala Kaos.

4. Umarmaya gya memenek kayu luhur
   ngungak nggening mungsuhneki
   pakuwonira lir mendhung
   tan katon watesing pinggir
   anggameng lir samodra rob.

5. Dening pakuwoning sagung para ratu
   kadya puloning jaladri
   punggawa pakuwonipun
   myang satriya tanpa wilis
   munggul katingal saking doh.

6. Umarmaya acipta ing nalanipun
   kaya apa awak mami
   lamun kongsinya lumebu

yen ingong manggiha runtik
mangsa uripa wakingong.

7. Yen ngamuka destun kuwat mung ong ewu
telung ewu selak mati
kaya ngapa awak ingsun
angur abaliya mami
maju ajur balungingong.

8. Nulya mudhun Marmaya wangsul lumayu
wus prapta ngarsanira Mir
ngandika sang Jayengpupuh
dene sira nuli prapti
daya temen yen kinongkon.

9. Nora nganggo kaloreyan nuli wangsul
kapriye lakunireki
Marmaya matur gumuyu
pindho damel kongsi prapti
ngong giris mulat kyehing wong.

10. Kula ulap saking menek kajeng luhur
tanpa wates genging baris
cipta manira ing kalbu
yen ingong manggiha runtik
pasthi pejah ajur amoh.

11. Pinten kuwatipun wong siji angamuk
mila amba nunten bali
yen pejaha sinten matur
gumujeng sang Jayengmurti
lamun kongsia winaos.

12. Layang iku marang sang prabu Medayun
pasthi sira denruntiki
anjagani durung kontung
sira iku Marmayeki
iya mbesuk neng palugon.

13. Sun panahne bae layang mring sang prabu
Nusirwan lan Ratu Jobin
sigra sang Prabu Tamtanus
marek ing ngarsa wotsari
pun patik nuwun kinongkon.

14. Anglampahna serat paduka pukulun
dhateng barise pun Jobin
ngandika sang Jeyengpupuh
si Marmaya iki bali
pratandha lamun pakewoh.

15. Sira prabu ing Yunan matur wotsantun
tan wonten kuwat ing dasih
ing pati urip puniku
gumujeng sang Jayengmurti
sira iku yayi wangkot.

16. Ingsun turut yayi ing aturireku
nanging den prayitneng westhi
nulya winacakken Jabur
Tamtanus mundur wotsari
anitih kuda binarong.

17. Cinamethi turangga anander mamprung
tan mawi wadya sawiji
lampahnya kaselak surup
prapteng barisan kapencil
nenggih kang darbe pakuwon.

18. Nateng Laras punggawa nateng Medayun
nanging ciptanya wus miring
arsa nut sang Jayengpupuh
nanging deteng antuk margi
ajrih kawentar sang katong.

19. Duk samana nateng Laras pan anuju
neng manguntur niningali

kagyat denira andulu
swaraning turangga muni
panandere sampun rawoh.

20. Tiningalan kang nitih prajurit luhung
kendel sang nateng Yunani
atatanya sedyanipun
pareng kagyatira kalih
ing nguni pan sampun wawoh.

21. Tedhak saking kuda sasalaman gupuh
sawusnya ngaturan manjing
pakuwon wus tata lungguh
kalih neng-onengan sami
rajeng Laras muwus alon.

22. Dhuh sutengong ing Yunan ingkang binagus
dalu lalampah pribadi
baya andika ingutus
ing gusti sang Jayengmurti
Prabu Tamtanus lingnya lon.

23. Gih dinuta nonjok surat mring sang prabu
sri bathara nyakrawati
kang satunggal suratipun
mring Kaos sang Ratu Jobin
serat panantang prang popor.

24. Nateng Laras angling sun milu sireku
anut marang gusti Amir
pan wus lawas niyatingsun
nanging durung antuk margi
samengko ngong kapanujon.

25. Nanging kedhik mung rong leksa wadyaningsun
patang ewu kang turanggi
dharat saleksa nem ewu
lumaku ngreksa sireki

nggonira marek sang katong.

26. Lamun sira dinukan sun milu ngamuk
Prabu Tamtanus lingnya ris
iya sakarsanireku
nanging ywa bareng lan mami
mung wuri den ngatos-atos.

II. RAJA TAMTANUS DADOS UTUSAN BADHE DIPUNPEJAHI.

PANGKUR.

1. Ing dalu datan winarna
enjing mangkat sang prabu ing Yunani
rajeng Laras samekta wus
warnanen Sri Nusirwan
lawan Prabu Jobin siniweng wadya gung
andher sagung para raja
patih Bestak munggeng ngarsi.

2. Praptanira rajeng Yunan
dumarojog neng kuda mandhi tulis
tedhak satepining tarub
cingak sagung tumingal
nancebaken towok sang Prabu Tamtanus
kang kinarya nancang kuda
lajeng tumameng mring ngarsi.

3. Prapteng ngarsa atur surat
wus tinampan mring prabu nyakrawati
myang Ratu Jobin pan sampun
nanging dereng binuka
amung Prabu Nusirwan binuka sampun
Tamtanus sigra sung salam
marang Betaljemur aris.

4. Jobin alon wuwusira
satekane duta becik sireki
mengko ing ulihireku
mangsa ta selameta
Betaljemur alon denira amuwus

sang nata aywa sangsaya
praptane salamet ugi.

5. Lungane salamet uga
duk kalane sang prabu mbuka tulis
sigra sang Prabu Tamtanus
malik anarik pedhang
sarwi mandeng pamaose sang aprabu
penget bubukaning surat
satriya Anjayengmurti.

6. Turasing Dipati Mekah
kang anjeyengrana prawira sekti
praptaa marang sang prabu
Medayin Sri Nusirwan
ingkang kocap ngowahi ing adilipun
kang ngrusak karatonira
ubayane ora pasthi.

7. Wruhanira lakuningwang
saking Mesir prapteng nagri Medayin
apan arsa anunuwun
patembayan ubaya
tan andipe yen amethuk badhe mantu
kadhatonmu sira tinggal
sun broki sun jajarahi.

8. Putrimu sun boyong pisan
saisine pura sun obrak-abrik
sabalanira pra ratu
kabeh sun kon njajarah
amboyongi marang anak rabinipun
mengko ngong sawadyaningwang
saking jro kitha wus mijil.

9. Anjujug mring Bakdiyatar
arsa mundhut marang sang Ratu Jobin
aturna bandan maringsun

iku yen arsa wetah
murda lawan anggaotanira prabu
lamun ora mengkonoa
heh sang prabu owah-awih.

10. Salaminingsun suwita
mring kang awak tuhu bekti tur wedi
anglakoni ing satuduh
kinen ndon mangun aprang
mbedhah praja narik bulubektinipun
lebura den kadi kisma
satuduhe sun lakoni.

11. Ing mangkya satemah cidra
mung satekem jembare ing Medayin
Ki Patih Bestak andulu
tingkahe rajeng Yunan
heh sang Prabu Jobin liyaten puniku
polahe dutane Ambyah
tan ngupama mring ramaji.

12. Sasampune atur surat
narik pedhang mandeng ing sri bupati
lir pinadon netranipun
lah tuwan anuduha
kang prajurit amedhanga saking pungkur
Prabu Jobin sigra ngatag
marang prajurit kakalih.

13. Amedali saking wuntat
Betaljemur mesem sarwi ngejepi
sira sang Prabu Tamtanus
malumpat sarwi medhang
mring prajurit kakalih janggane rampung
lajeng ngamuk mundur marang
enggone turangganeki.

14. Wus nitih lajeng umangsah

ngiwat-ngiwut amedhang nganan ngering
rangkep kapat tiga rampung
bubar kang tinarajang
geger oter panangkilan lir pinusus
wus akeh longe kang pejah
mundur sang rajeng Yunani.

15. Punggawa sapanangkilan
siji datan ana wani mrepeki
mring pangamuke Tamtanus
pijer abilulungan
samya giris miyat tandange Tamtanus
sang Prabu Laras miyarsa
geger gumrah pancaniti.

16. Wus anduga dadining prang
sigra mangsah tutulung ing ngajurit
kapethuk marga Tamtanus
rinangkul rajeng Yunan
ingsun nyana sira mau ajur mumur
mungsuh wong tanpa wilangan
katujunea basuki.

17. Lajeng wangsul lampahira
nedya ngumpul ing gusti Jayengmurti
wuwusen sang Jayengsatru
siniweng pasanggrahan
samya geger prayitna gagaman rawuh
narka wong Kaos kang prapta
dangu-dangu aningali.

18. Kang ngirid sang prabu Yunan
lajeng marek prapta rinangkul aglis
sang Prabu Laras wotsantun
katur mula bukanya
nateng Laras wus salin agaminipun
wong Menak langkung sihira
mring Prabu Laras Yunani.

19. Kalihe samya ginanjar
angandika Wong Agung Jayengmurti
karone wong nedya lampus
wasana manggih arja
lawan saking nugrahanira Hyang Agung
sawusnya sigra parentah
budhal ngajengaken baris.

20. Nulya anembang tengara
pra nata punggawa Puserbumi
sawadya samekta sampun
budhal sang Jayengrana
saha wadya lampahing bala gumregut
marang Tegal Bakdiyatar
wau sira Prabu Jobin.

21. Miyarsa praptaning mengsah
sigra nateng Kaos arsa ningali
ing warnane Jayengpupuh
karya panggung wus dadya
pan pinarnah neng tepining baris agung
Patih Bestak lan Kistaham
minggah panggung kang umiring.

22. Tan antara katinggalan
wadya Ngarab gagaman ingkang prapti
kang wadya lampah panganjur
patang rakit narendra
para kadang kohkarib asri dinulu
sang Prabu Jobin tatanya
sapa ratu anom prapti.

III. PEJAHIPUN RAJA KISTAHAM

SINOM

1. Patih Bestak aturira
   punika ratu kang prapti
   Raja Jasma raja Karma
   ratu kadang ing Kohkarib
   dadya panganjur jurit
   Sriwulan kadhatonipun
   samya andeling yuda
   wurine punika nenggih
   inggih raja Jeras lawan Malijeras.

2. Arnasi lawan Ardiman
   Ardisaman Ardikapi
   Kosani kadhatonira
   wurine punika malih
   Raja Durdanas nenggih
   lan Raja Durdanam ratu
   Jongmirah prajanira
   nulya wonten prapta malih
   pangkat-apangkat lampahe kang para nata.

3. Prasamya nitih dipangga
   upacaranira asri
   ginarebeg wadyabala
   tatanya sang Ratu Jobin
   sapa kang prapta iki
   Patih Bestak aturipun
   sami kadang Marmadya
   ratu kang pitulas rakit
   sadayane wus ingaturaken samya.

4. Namane myang prajanira
   ratu kadang ing Kohkarib

jangkep kawandasa tiga
ing wuri katingal malih
tatanya Prabu Jobin
sapa prapta ratu iku
kacek asri balanya
lan ratu kang prapta dhingin
upacaranira akeh warna-warna.

5. Ratune gedhe mbalendhang
baya iku Jayengmurti
nambungi Raja Kistaham
matur punika sang aji
sang Prabu Umarmadi
Kohkarib kadhatonipun
ratu kang kawandasa
ing nguni kadange sami
pan kinarya lulurahing para raja.

6. Jobin latah suka miyat
nulya wuri prapta malih
abra busananing wadya
Prabu Jobin tatanya ris
sapa kang prapta iki
Patih Bestak aturipun
punika rajeng Nglaka
Orangkaorang nameki
ing wurine sang raja sura Tistaham.

7. Wus ingaturaken samya
ratu bala ing Serandil
nama miwah prajanira
ing wuri ingkang nambungi
wadya upacara sri
prajurit abra dinulu
samya nitih dipangga
munggeng ngarsa mandhi bindi
Ratu Jobin kagyat denira tatanya.

8. Iki baya Jayengrana
kang prapta gung luhur pasthi
sembada nitih dipangga
ingayap wadyabala sri
pantes prakoseng jurit
Patih Bestak aturipun
punika rajeng Selan
Prabu Lamdahur kang prapti
Ratu Jobin miyarsa ngungun ing driya.

9. Apa margane kabala
iya mring si Jayengmurti
Patih Bestak aturira
pan boten kasor ing jurit
kasor dinarubesi
kemate pun Jayengpupuh
sadaya para nata
kang sampun prapta rumiyin
sami kasor ing cidra ing telukira.

10. Ratu Jobin mesem mojar
pantes yen wongkumpra sami
padha kalah keneng cidra
yen mungguh sang ratu Jobin
pasthi yen ora keni
tan tumama kematipun
nulya malih katingal
ratu kembar pekik-pekik
nitih kuda ginarebeg wadyabala.

11. Asri upacaranira
Prabu Jobin tatanya ris
sapa iki ratu prapta
Patih Bestak matur aris
punapa tuwan pangling
punika Prabu Tamtanus
wingi ingkang dinuta

nonjok surat ngamuk wani
satunggile Samtanus pan arinira.

12. Gumujeng Jobin miyarsa
Patih Bestak ingsun pangling
wingi cara prajuritan
mengko kaprabon narpati
nulya katingal malih
ing wuri ingkang sumambung
Jobin malih tatanya
Patih Bestak matur aris
pan punika satriyeng Rum kalih pisan.

13. Nama Dyan Iskal Iskalan
wurine punika malih
Yusupadi nateng Kebar
wurine kang prapta malih
wus ingaturken sami
nulya wonten kang kadulu
wadya samya kulukan
sadaya nuntun turanggi
Jobin tanya lah iki balane sapa.

14. Punggawane nora ana
prajurite dharat sami
kuda tinuntun kewala
Kistaham sumaur aris
punika ingkang prapti
wadyane Umarmayeku
mantune Patih Bestak
punika kang malangkerik
ingkang colat-colot jaban barisira.

15. Ratu Jobin suka miyat
gumujeng apijet ati
pagene tan nitih kuda
Kistaham umatur malih

saking ngandelken ugi
kaskayane sukunipun
rikate yen lumampah
kuda ngerap tan nututi
Umarmaya cecedhis pothet lir gila.

16. Atelad kang maratuwa
pangrenahe mring wong cilik
melikan donya lan arta
tur saregep karem tampi
rurubane wong desi
darengki ing nakalipun
suka ngaben wong desa
pangrenahe karem tampi
ing ruruba tan purun waras sadina.

17. Patih Bestak rengu mojar
Kistaham sireku baring
mundur wong kinarya lesan
kasaru swara kapyarsi
lan miyat wadya prapti
pangkat-pangkat lampahipun
Jobin kagyat tatanya
heh swaraning apa iki
amelingi lan iki balane sapa.

18. Patih Bestak aturia
wadyane sang Jayengmurti
andel kang dadya pangarsa
dening swara kang kapyarsi
songsonge Jayengmurti
Nagakontha usuk sewu
tan adangu katingal
wong Menak nitih turanggi
Ratu Jobin tatanya lah iki sapa.

19. Kang prapta nitih turangga

ratune anom apekik
payung geng kagila-gila
ngiras tunggul bandera sri
Patih Bestak turnya ris
inggih punika sang prabu
pun Ambyah kakunging rat
kang prapta nitih turanggi
Ratu Jobin miyarsa ngungun ing driya.

20. Agawok ingsun tumingal
warnane si Jayengmurti
dene tan pati gedhea
ngalahaken pra narpati
ratu gung sura sekti
Bestak Kistaham turipun
wau atur kawula
sadaya punika sami
para ratu sami kawon keneng cidra.

21. Jobin ngguguk denya ngucap
pantes ingkang bodho keni
yen ratu Kaos nagara
cinidra pasthi tan keni
sawusnya niningali
Ratu Jobin marek ngayun
Sri Bathara Nusirwan
maksih siniweng para ji
ya ta wau praptane gagaman Arab.

22. Ratu satriya punggawa
pan lajeng atata baris
gumuruh tengaraning prang
sigra sang Narpati Jobin
parentah animbangi
wadya tata barisipun
kadya samodra bena
mbalabar datanpa tepi

para ratu wadya ing Kaos nagara.

23. Andher neng ngarsa narendra
Prabu Nusirwan njenengi
wau ta sang Kakungingrat
sawusnya atata baris
lajeng mangsah ing jurit
anitih turangganipun
kawot kapraboning prang
prapteng rana nguwuh tandhing
sumbar-sumbar payo ingsun papagena.

24. Heh wong Kaos wruhanira
iya ingsun Jayengmurti
turasing Dipati Mekah
kang lalana andon jurit
sapa arsa ngemasi
papagena tandang ingsun
aywa na ngadu bala
ing kene padha prajurit
Patih Bestak miyarsa sru wuwusira.

25. Heh Kistaham iki sira
kang pantes methuk ing jurit
jer karone padha dadya
asiwi johan Medayin
nora kuciwa tandhing
padha prajurit pinunjul
Kistaham duk miyarsa
anglengger nangis ing batin
yen ngucapa heh ki patih basakena.

26. Mokal yen ora weruha
dadi pedhotan sun iki
amungsuh si Jayengrana
dadi ngong wirang kapyarsi
marang sang Ratu Jobin
yen wediya ing prang pupuh

mangka ingsun wus kocap
ratu trah prajurit luwih
ing Medayin tan ana kang kaya ingwang.

27. Wirang sun palaur pejah
pira bara awak mami
bisa unggul ing ngayuda
nugrahan Hyang Ujwalati
pasthi wudhu ing wuri
sawusnya ngartikeng kalbu
Kistaham nembah mangsah
mring rana nitih turanggi
sampun kawot sadandananing ngayuda.

28. Sang Jayengmurti umiyat
yen Kistaham mapag jurit
gya ngracut kaprajuritan
mung lawan astanireki
Jobin miyat sru angling
nyata gila Jayengpupuh
pinapagaken ing prang
mbuwang gagamane sami
amung karo asta denya bandayuda.

29. Patih Bestak aturira
mangke paduka tingali
tandanging prang Jayengrana
yen Kistaham sor ngemasi
punika nggening yekti
pun Ambyah prawiranipun
wau kalih kang aprang
Kistaham sigra mrepeki
narik pedhang mungsuhe mung karo asta.

30. Sru medhang Raja Kistaham
prayitna sang Jayengmurti
laraping pedhang sinangga

pagelangane tan osik
pinidih ngemu getih
pedhang tibane sinambut
angling sang Jayengrana
kudhunga parismu wesi
ingsun wales pedhangmu dhewe malesa.

31. Kistaham kudhung saksana
ing parisanira wesi
sigra pinuwung pinedhang
sigar nratas sirahneki
jangga badanireki
pedhang nratas bokongipun
kakapaning turangga
tugel bet kuda ngemasi
wadya Arab surake ambal-ambalan.

32. Ratu Jobin eram mulat
heh Patih Bestak sireki
dora turira maringwang
dene iku Jayengmurti
tan cidra ing ngajurit
tetep prawireng prang pupuh
matur Ki Patih Bestak
ing nguni cidra ing jurit
mangke salin lagu kawula tan wikàn.

33. Manawi ngguguru anyar
kaprawiraning ngajurit
wau Raden Kobatsarkat
lan Artantun gya pupulih
sareng denya nggadani
saking kanan kering mupuh
gada rinebut kena
kalihe pinedhang aglis
jaja rantas pejah niba saking kuda.

34. Istankadar sigra prapta
patining bapa pupulih
medhang saking kering kanan
cinandhak paglanganeki
pedhang tiba pinidih
gya sinendhal kalihipun
ingikal kering kanan
gya ingaben kumba sami
pan kumeprok sirah ajur wus palastra.

35. Ratu Jobin ngungun mulat
sangsaya eram ing galih
asru denira ngandika
yen ingsun papagna iki
yudane Jayengmurti
pasthi wus sayah prang dangu
dadi ingsun kang nistha
kapindho wus surup iki
undhang mundur makuwon kang para raja.

36. Ing dalu samya bujana
Nusirwan lan Ratu Jobin
miwah wadyabala Ngarab
bujana sang Jayengmurti
lan sagunging para ji
aneng pakuwon gumuruh
suka kang para raja
tan ana ingucap malih
mung patine Kistaham denira yuda.

37. Saanake kapat pejah
dadya pangewaning jurit
nemu pati siya-siya
binecikan angalani
mring gusti Jayengmurti
pira-pira gawe mungsuh
mung kari Patih Bestak

kapan patine si baring
tan kawarna ing dalu enjang tengara.

38. Kendhang gong munya sauran
mungsuh lan rowang wus sami
mijil marang pabaratan
tepung kalangan kang baris
Kalana Jayengmurti
neng wijoan palowanu
ingayap para nata
samya mit mangsah ing jurit
tan linilan mung kinen jingga nomnoman.

IV. PARA RATU ANDELIPUN PRABU JOBIN KASOR DENING SANG AMIR

DURMA

1. Sri Nusirwan miyos marang pabaratan
anganthi Ratu Jobin
gumrah wadyabala
kadya samodra bena
anglir tedhuh ing wiyati
tanpa watesan
barise Ratu Jobin.

2. Wadya Ngarab kadya setubandatbuta
anggantheng neng jaladri
wadyeng Kaos ika
lir kang udadi pasang
sigra wau Jayengmurti
ngrasuk busana
kapraboning ngajurit.

3. Tedhak saking ing wijoan paloretna
sampun nitih turanggi
kapraboning aprang
wus kawot luhur kuda
Kalisahak asisirig
mider ing papan
wadya Rab suraknya tri.

4. Sumbar-sumbar Wong Menak neng pabaratan
papagna tandang mami
iki kakunging rat
turasing adipatya
ing Mekah Abdulmutalib
tedhak ping sanga

MILIK KEPUSTAKAAN DIREKTORAT TRADISI DITJEN KEBUDAYAAN

lawan Nabi Ibrahim.

5. Payo endi ratu ing Kaos nagara
kang nedya angalangi
mring tatanggoningwang
kene payo ayuda
ngadu pragolaning wentis
kembulan gada
rok bandawala pati.

6. Rajeng Bulan tan betah denya miyarsa
sang Prabu Andanbilis
amit atur sembah
ing prabu kalihira
Nusirwan lan Ratu Jobin
iya mertuwa
cekelen Jayengmurti.

7. Uripana aywa kongsi prapteng pejah
mbesuk sun gawa mulih
mring Kaos nagara
eman gawene ika
bojone bae sun ambil
si Jayengrana
mbesuk sun kon nglurahi.

8. Sarupane prajurit tunggul tampingan
sarta sun tarimani
kaponakaningwang
putri Kaos nagara
dimen metoni prajurit
matur manembah
sang Prabu Andanbilis.

9. Inggih sampun walang ati padukendra
tedhak nitih turanggi
sabusananing prang
wus kawot luhur kuda

prapteng rana wus apanggih
sang Jayengrana
tatanya sapa iki.

10. Baya sira ratu ing Kaos nagara
iya sang Ratu Jobin
nauri pan ingwang
ratu andeling yuda
saking tanah Ngatasangin
nagri Kubuldan
paparab Andanbilis.

11. Payo ambyah apa kang ana ing sira
tamakna sun tadhahi
ngling sang kakunging rat
pan dudu caraningwang
sira anggadaa dhingin
amuter gada
sang Prabu Andanbilis.

12. Sarwi mojar heh Ambyah wekasanira
amangan wohing dami
durung ana nangga
katiban gadaningwang
punggawa para narpati
ajur wor kisma
sigra amupuh aglis.

13. Tinadhahan parisane bandayuda
mubal kang ponang agni
anjrit Kalisahak
suku tumanen lemah
saking rosaning panggitik
sigra kinetap
malumpat kang turanggi.

14. Heh wentala sira iku Jayengrana
nadhahi gada mami

payo amalesa
sigra sang Jayengrana
ngangkat gada saking Mesir
sang nateng Buldan
kudhung parise wesi.

15. Dyan pinupuh parisane nateng Buldan
oreg lindhu kang bumi
rosaning panggada
kuwate kang anangga
gigiring turangga palih
sruning kapadal
tiba Sri Andanbilis.

16. Balungira obah kang satus sawidak
wulu marebel getih
gawok kang tumingal
wong Kaos para raja
kuwate sang Jayengmurti
surak gumerah
lir rebah kang wiyati.

17. Dadya dharat kang yuda gada-ginada
dangu datanpa kardi
sareng seleh gada
rame pedhang-pinedhang
pedhang wus tan migunani
rajang-rinajang
rajang tanpa ngeneni.

18. Jayengmurti ngandika wus tanpa karya
kabeh gagaman iki
aprang meh sadina
tan ana kang kasoran
lah payo banting-binanting
suka angakak
sang Prabu Andanbilis.

19. Amekasi sira iku Jayengrana
mangsa wurunga mati
Jayengmurti sigra
ngadeg neng ngarsanira
cinandhak jinunjung aglis
suku tan obah
malah sang Andanbilis.

20. Sukunira manjing bantala sacengkang
heh Ambyah ngliliwati
angur mbedhola
wreksa payo malesa
sang Jayengmurti mrepeki
nolih ing wuntat
sigra Umarmayeki.

21. Angulukken topong sigra bala Ngarab
sadaya tutup kuping
ing pusuh lan malam
kuda wus tinutupan
gya cinandhak Andanbilis
wangkinganira
petak sang Jayengmurti.

22. Wus kajunjung kaubengaken ing tawang
dangu nulya binanting
kantaka ing lemah
tarutul Umarmaya
wus katalen Andanbilis
mundur kang aprang
dening kasaput wengi.

23. Sapraptaning pakuwon sang kakunging rat
kasukan lan para ji
sadalu bujana
Andanbilis ngandikan
heh sang Raja Andanbilis

apa nut sira
marang agama mami.

24. Andanbilis umatur gampil ing benjang
kadang amba kang maksih
tuwan cekelana
upami kalong pejah
inggih ing salah satunggil
pejah sadaya
yen urip sami urip.

25. Angandika lah iya sakarepira
wuwusen Ratu Jobin
sadalu drawina
ya ta kawuwusen enjang
muni tengaraning jurit
wong Arab medal
tuwin sang Ratu Jobin.

26. Lawan Prabu Nusirwan sabalanira
dhendheng kang punang baris
tuwin wadya Ngarab
sampun baris kalangan
mangsah mring sang Jayengmurti
munggeng turangga
susumbar nguwuh tandhing.

27. Arinira Andanbilis amit nembah
Prabu Abganjabilis
Sri Jobin wuwusnya
lah iya pupuliha
kadangmu kasor ing jurit
sigra umangsah
dharat sampun apanggih.,

28. Jayengmurti miyat tedhak saking kuda
tanya sapa sireki
pan isun arinya

Andanbilis ing Buldan
sun Raja Abganjabilis
sigra anggada
tangkis sang Jayengmurti.

29. wanti-wanti panggadane tan wigata
gada-ginada genti
sareng seleh gada
salin pedhang-pinedhang
pedhang wus tan migunani
sagung gagaman
sadaya tanpa kardi.

30. Apan sami kuwate lan kakangira
denira prang salingsir
dyan candhak-cinandhak
adreg sendhal-sinendhal
sang Jayengmurti binanting
nanging tan obah
sigra sang Jayengmurti.

31. Males nyandhak nulya wau Umarmaya
ngulukken topong aglis
wusnya tutup karna
sagunging wadya Ngarab
Abganjabilis binanting
pan sarwi petak
kantaka dentaleni.

32. Samya mundur kasaput saruping arka
mangkana tan winarni
nenggih pitung dina
denira bandayuda
nyikep ratu siji-siji
sakadangira
sang Prabu Andanbilis.

33. Gajimanda Mandagaji namanira

Abgaji Bilaibi
Gajibilis lawan
Mandabilis pitunya
prakosa dedege sami
prawiraning prang
kadang pipitu sami.

34. Jayengmurti prangira lan nateng Buldan
nyikepi siji-siji
sawusnya mangkana
mundur makuwon samya
kasukan sang Jayengmurti
sang nateng Buldan
kapikut denuculi.

35. Wusnya salin agama nulya ginanjar
makuthaning para ji
wus kinen alenggah
nunggil lan para raja
mangkan Jobin winarni
saking payudan
sungkaweng tyas wiyadi.

36. Dening andel wus kapikut pitu pisan
ya ta warnanen enjing
tengara sauran
mungsuh kalawan rowang
wus tata denira baris
miyos kaliyan
Nusirwan Ratu Jobin.

37. Samya munggeng ing palangka nawa retna
wadya gung angebeki
dening balanira
ratu pipitu Buldan
punggawa satriya mantri
maksih tut wuntat
marang narpati Jobin.

38. Jayengmurti neng palowanu alenggah
ingayap ing para ji
wus ngrasuk busana
sadaya kang wasiyat
kang saking ing para nabi
ingangge samya
sakapraboning jurit.

39. Kalisahak binusanan ing ngayuda
sigra Wong Agung nitih
nengah mring payudan
susumbar nguwuh lawan
Narpati Jobin nulya glis
tedhak tur sembah
ing prabu nyakrawati.

40. Pan kawula kang mapagaken pun Ambyah
yen udhua para ji
yekti tan kawawa
nadhahi Jayengrana
yen boten amba wekasi
sigra umangsah
anitih kuda Janggi.

41. Mangsah ngrana wong Kaos surak gumerah
lir rubuh kang wiyati
tuwin bala Ngarab
surak ambal-ambalan
kang ayuda wus apanggih
ayun-ayunan
ngandika Jayengmurti.

42. Sapa aranira prajurit kang mangsah
heh wruhanira Amir
iya Jobin ingwang
ratu Kaos nagara
ngandika sang Jayengmurti

kaliwat suka
rasane ing tyas mami.

43. Dene sira angawaki yudabrata
sedheng kalawan mami
apan iya sira
kang arsa ngalangana
marang ing tatanggon mami
dene sun iya
tan miris aningali.

44. Marang balanira kang tanpa wilangan
payo nggadaa aglis
sigra ngangkat gada
prabu Kaos nagara
heh Ambyah tan wurung mati
nadyan duwea
sira nyawa sakethi.

45. Mangsa silih luputa ing astaningwang
sigra anggada aglis
tadhah Jayengrana
parise bandabaya
tempuh gada mubal agni
tan osik asta-
nira sang Jayengmurti.

46. Yen mangkono bae ta pupukulira
pan durung ngrespateni
gigitiking bocah
kang durung akil padha
mundur pelag wongireki
panggadanira
rosa si Andanbilis.

47. Ingsun wales Jobin sira denprayitna
kudhunga paris wesi
nulya ngangkat gada

kang saking Mesir sigra
tumempuh sang Ratu Jobin
mubal dahana
surak gumuruh atri.

48. Ratu Jobin parise waja malesat
tiba saking turanggi
gumeter angganya
obah babalungira
kang pitung puluh kakalih
aclum sang nata
sigra nolih ing wuri.

V. SANG AMIR KETATON LAJENG MLAJENG DHATENG MEKAH

PANGKUR

1. Ratu Jobin ngawe bala.
   dyan sumahab wadya kang pirang kethi
   myang kang pitung atus ewu
   miwah kang satus yuta
   sareng mangsah lir prahara ing kapitu
   kang bala tanpa wilangan
   kadya rebah kang wiyati.

2. Wong Arab sareng umiyat
   sigra mangsah siji tan ana kari
   tempuh kang aprang barubuh
   lir belah kang bantala
   wadya Ngarab kadya setu bandalayu
   wong Kaos samodra bena
   ombak bendrong nganan kering.

3. Wong Menak langkung bramantya
   umiyat ing wadyanya kapalirig
   kumpul ingkang para ratu
   dyan Ambyah narik pedhang
   mangsah ngamuk lan sawadya para ratu
   sadaya lir singalodra
   ngrabaseng buron wanadri.

4. Umarmaya mangsah masang
   sorotira munggeng wurinira Mir
   kyeh malocot samya lampus
   miwah pangamukira
   Jayengmurti kadya saradula sewu
   tan gawer rangkep sadasa
   rantas tugel tigas pancing.

5. Kang katenggel ngarasanira
myang kasampe kang munggeng kanan kering
ewon atusan kang lampus
sira sang rajeng Selan
pangamuke kang ginada ajur mumur
myang gajah kuda mbelasah
pangamuke Umarmadi.

6. Sadaya sakadangira
para ratu lir buta mangsa daging
pangamukira Tamtanus
ngiwat-ngiwut amedhang
putra ing Rum angamuk lawan salukun
Yusupadi lan Tohkaran
kalih ngamuk lawan bindi.

7. Sagunging mantri punggawa
myang satriya pangamuke mbek pati
wong Kaos kang para ratu
nindhihi barisira
angerobi piyak ngarsa tangkep pungkur
tumpes ngarsa wuri prapta
langkung ramening ngajurit.

8. Wadya Rab liwung pamuknya
datan wiwrin ingebrukan papati
ngamuk wuru dening marus
tuwin kang para nata
kadya mina amamangsa jroning banyu
lebu maledug kasiram
ing ludira kadi tasik.

9. Ing nalika pitung dina
maksih dhangan sapikalaning latri.
enjing tangkep prang garubuh
wong ngarab tenger petak
wadyeng Kaos atenger mariyem olu
yen mundur miwah yen mangsah
duk kalane tigang ari.

10. Rah semburat rancak-rancak
patang dina praptane limang ari
punang rah wus waged dekung
nem ari pitung dina
wolung dina wus dadya samodra marus
kyeh bangke keli kalembak
katambak bangkening esthi.

11. Senuk memreng balegdaba
kuda kuldi saengga palwa konthing
ngambang kasatan ing marus
raramon bindi gada
lir parbata kasatan ing pasang surut
wadya gung kang bandayuda
angebyak samodra getih.

12. Wong Menak tan kober petak
saha bala wus wuru dening getih
ting balenger mungur-mungur
wadyeng Kaos nagara
lan Medayin sawendra tumpes ing ngayun
sayuta wuri kang prapta
angebyak samodra getih.

13. Kang akasa kadi belah
kelab-kelab pratiwi gonjang-ganjing
oreg bagaspati tedhuh
ginggang sri Antabaga
wukir gora bayu riwut siwat-siwut
dhedhet tedhuh mawalikan
aliweran kilat thathit.

14. Babayanya bumi malang
kang ayuda pati-pati nggagapi
rah umili kadi guntur
sarah sirahing raja
dwaja tunggul bandera kadya lulumut
usus selur aliweran
agenggeng kumbala rawis.

15. Wijah geter myang tidharsa
tengis pater dhedhet myang erawati
gagana trenggana sumyur
tan wun ing solahira
kang ayuda lesah wuru dening marus
kyeh nendra madyeng palagan
karangulu gada bindi.

16. Samadya candra tan luwar
siyang dalu nanging tan babarihi
kyeh satriya liya liyu
sira sang kakunging rat
kapiure ngiler wuru mungur-mungur
ginggang makutha meh tiba
kawistara Prabu Jobin.

17. Angling marang Patih Bestak
iki sapa kang turu neng turanggi
reyab-reyab muruh-muruh
megleng makuthanira
baya wuru lir gila rip banget ngantuk
umatur Ki Patih Bestak
nggih punika Jayengmurti.

18. Upama ingsun pedhanga
saking wuri kena si Jayengmurti
Patih Bestak aturipun
boten pun Umarmaya
kang rumeksa aneng wurine puniku
lamun padukarsa medhang
karubuten Marmayeki.

19. Dimene pisah punika
dyan kunrubut Ki Umarmaya lali
yen rumekseng gustinipun
mengsah kyeh tinarajang
bubar tinur dadya tebih pisahipun

sang Ratu Jobin wus dharat
angrundhuk saking ing wuri.

20. Marepeki ngliga pedhang
Patih Bestak umiring mamanuki
Jayengmurti maksih ngantuk
Prabu Jobin wus nyelak
gya pinedhang kang sinedya jangganipun
kena sanginggil talingan
pedhang manjing patang nyari.

21. nJingkat nolih maring wuntat
Ratu Jobin lumayu wor pakathik
ingungsir datan kapangguh
Wong Menak ngamuk nengah
kagyat kebes kapala lan jajanipun
angraos yen kapicondhang
sagung gagamaning jurit.

22. Pedhang karaket neng asta
nguman-uman mring Kalisahak nenggih
lah kebat kerapna ingsun
marang nagari Mekah
wus anjungkel Wong Agung munggneg kekepuh
tan emut ing sanalika
kuda mundur nander pati

VI. UMARMAYA LAN PARA RAJA WANGSUL DHATENG MEKAH

DURMA

1. Pan salikur dina wana Bakdiyatar
saking Mekah nagari
nanging Kalisahak
rep saking Bakdiyatar
bakda subuh Mekah prapti
geger gumerah
myarsa yen Jayengmurti.

2. Prapta seda aneng luhuring turangga
wurahan sanagari
geng alit sarengan
jalu estri karuna
narka yen estu ngemasi
tresna sadaya
marang sang Jayengmurti.

3. Gupuh-gupuh kang rama methuk ing putra
tinurunaken aglis
saking nginggil kuda
tinon keketegira
lagya kantaka pan maksih
jinar ing driya
wau sang rajaputri.

4. Ya ta ingkang maksih prang neng Bakdiyatar
wong Kaos alok sami
mati Jayengrana
pinedhang ratunira
Marmaya sigra ngulari
datan kapedhak

mubeng anganan ngering.

5. Pan amanggih tapakira Kalisahak
lan kacecer rah kuning
sigra tinut wuntat
marang nagari Mekah
Umarmaya nebah wentis
mesat lir kilat
prapteng Mekah nagari.

6. Pan kapanggih Wong Menak rinubung kathah
sinundhang mring sang putri
Umarmaya mojar
rakanta selehena
dyan pinarak ingkang kanin
cinucup sigra
Umarmaya sru angling.

7. Sampun maras sang putri raka paduka
boten dhateng ing pati
lega kang miyarsa
sigra Ki Umarmaya
lan Arya Maktal wus panggih
lah titihana
si Kalishak iki.

8. Payo tulung marang kang maksih ayuda
Arya Maktal sru angling
payo den aenggal
sigra nitih turangga
Kalisahak cinamethi
mesat lir kilat
Marmaya datan kari.

9. Pan karaket ambuntut pun Kalisahak
ing marga tan kawarni
prapteng Bakdiyatar

maksih prang muk-amukan
wong Kaos kagyat ningali
mring Arya Maktal
pinansthi Jayengmurti

10. Ciptanira Wong Menak ika wus waras
baya ta dentambani
marang Umarmaya
neng nggone kuwunira
mendah pangamuka mangkin
duk maksih sayah
pamuke nggigilani.

11. Seger maneh iku yen ora ndadraa
dhingin duk maksih kanin
parandene rowang
dadi nganjir ludira
wadyeng Kaos samya ngisis
katular-tular
yen Jayengrana prapti.

12. Pan saya sru wong Kaos palayunira
Ki Patih Bestak lari
niba tangi tiba
asring denidak-idak
maledug pra samya ngisis
asru susumbar
satriya Ngalabani.

13. Heh rebuten ingsun aran Jayengrana
putreng Mekah Dipati
endi para nata
wong Kaos kang sudira
ing kene prang rebut pati
Ki Umarmaya
susumbar cerik-cerik.

14. Iki silih Umarmaya tos sing Mekah

anak Tambijumiril
ya ta Patih Bestak
tetela denya myarsa
tan samar swaranireki
yen Raden Maktal
dudu sang Jayengmurti.

15. Jelih-jelih wong Kaos padha mandhega
dudu sang Jayengmurti
ika Arya Maktal
nitih si Kalisahak
jer Jayengrana wus mati
iya pinedhang
marang sang Ratu Jobin.

16. Wadyeng Kaos ana mandheg ana ngucap
padua akon nganteni
akale Ki Bestak
iku karepe iya
lebura denrontang-ranting
wong Kaos padha
sok aja wong Medayin.

17. Sapolahe Bestak iku durung weca
atine ambagejil
sapa gelem iya
denamuk Jayengrana
wadya Rab lir densaringi
sabubarira
wong Kaos wong Medayin.

18. Samya ngumpul anggarebeg Arya Maktal
sapunggawa narpati
satriya punggawa
sakarining palastra
tatanya samya anangis
mirng Umarmaya
Jeng Gusti aneng ngendi.

19. Umarmaya sumaur padha sirepa
aywa na walang ati
pan wus aneng Mekah
tatu kena ing pedhang
nanging ta sapungkur mami
kaya wus waras
payo ta rembug iki.

20. Padha mundur angumpul mring nagri Mekah
saksana gya lumaris
Raden Arya Maktal
ginarbeg para nata
punggawa satriya mantri
wadya sadaya
Patih Bestak sru angling.

21. Jer ku apa dudu ta ika si Maktal
ingkang ginusti-gusti
marang bala Ngarab
nitih si Kalisahak
jer si Ambyah wus ngemasi
marmane Maktal
kang dengawe sisilih.

22. Prajurit ing kaos pra samya tumingal
yen wong Ngarab lumirig
samya sinurakan
saking ing katebihan
opyak yen Ambyah ngemasi
pan kadya gerah
wong Kaos wong Medayin.

23. Arya Maktal lawan sagung para nata
miwah Umarmayeki
prapteng nagri Mekah
atutup lawang kitha
wetan bala ing Serandil

ingkang ajaga
kidul bala Kohkarib.

24. Kilen bala ing Yunan lawan ing Kebar
Marmaya kang nindhihi
ler wadyeng Rum Kangkan
titindhih Arya Maktal
wus binage kang bras pari
gandum warata
suka manahing dasih.

25. Kawuwusa sir Bathara Nusirwan
lawan Narpati Jobin
undhang wadyabala
sedya angepung Mekah
wus budhal wadyanira tri
prapta ing Mekah
lajeng angepung kikis.

26. Sri Nusirwan amijilaken kang sabda
pralebda datan aris
lah rejeke pisan
kutha iki dengempang
tanpa ngrasa si didiwil
agawe ojat
dudukwuluh Medayin.

VII. RETNA MUNINGGAR ANDHUSTHA GANDUM DHATENG PAKUWONIPUN PRABU JOBIN.

DUDUKWULUH

1 Akukuwu sira sang prabu Medayun
lawan sang Narpati Jobin
myang wedya kang para ratu
lan malih samya ngengerig
ing wadya lit para katong.

2. Kawarnaa Kalana Anjayengsatru
lamine kantaka nenggih
kantu pituwelas dalu
punika denira nglilir
suka sagung para katong.

3. Kang angepung sadaya sampun angrungu
yen Wong Menak maksih urip
mung kantun pitulas dalu
anulya rinajeg wani
wong Ngarab mrangi saking jro.

4. Baris mengsah ngepung tan benggang saranbut
langkung denira mbathithit
tan ana kena wong metu
nadyan sikep denpateni
marma tan ana wong miyos.

5. Ya ta sira Wong Menak duk rumbu-rumbu
angandika mring kang rayi
pan amundhut bubur banyu
Retna Muninggar nimbali
pawongan ingkang kinongkon.

6. Padha sira ngupayaa beras gandum

tan antuk denya ngulati
saking lamine kinepung
wangsul matur marang gusti
tan angsal denya ngupados.

7. Binektanan emas salancang agupuh
oleha gandum lan lothi
pawongan gya samya metu
ngupaya meksa tan olih
wangsul prapta ing kadhaton

8. Matur lamun tan angsal sang retna ngungun
kagagas lingsem ing laki
cekak budinya kasusu
tan arsa mundhut para ji
dyan syaga sang lir sinom

9. Ngangge cara petayar arsa memandung
gandhewa dibya cinangking
asigra denira metu
bubuhane Umarmadi
mantri kang jaga tatakon

10. Lah ta sapa arsa metu dalu dalu
sang retna nauri aris
lulurah patayar ingsun
metu pan arsa mamaling
marang pakuwoning mungsoh

11. Dene padha angelih rerehaningsun
ngandika Prabu Marmadi
aywa na wong aweh metu
kang mindha patayar angling
mengko yen olih paparon

12. Semu melik miyarsa ing jangjinipun
iya wenganana kori
nanging mengko yen malebu

aywa liya saking ngriki
mbok salang surup kehing wong.

13. Nulya medal marang pakuwoning mungsuh
kang sinedya sang suputri
amomor duk lebetipun
tan ana kang nggraitani
lajeng anjujug mring pawon.

14. Mendhet lothi lan aris binuntel sampun
gandum ingkang denulati
wus dangu datan amangguh
miyat talam aneng nginggil
ing paga nedya ginayoh.

15. Kumarompyang kagyat wong samya angrungu
nulya pinaranan aglis
ana wong kakace wulung
sarwi amenthang jemparing
wong kemit gugup samya lok.

16. Ana maling baya Umarmaya iku
tan ana wani mrepeki
wadya gung pating bilulung
Jobin kagyat nulya tangi
dening gumuruh wong alok.

17. Katur Umarmaya punika mamandung
marma tan purun mrepeki
sang Ratu Jobin sru muwus
heh sakehe wadya mami
piyarsakna undhangingong.

18. Sapa wani bisa nyekel Marmayeku
utawa lamun mateni
agedhe ganjaranigsun
pasthi sun karya narpati
senapati nagri Kaos.

19. Lawan ingong trimani pulunaningsun
kang wadya saya gung prapti
nanging tan ana kang sanggup
wau ta ingkang winarni
Raden Arya Tambakcangkol.

20. Sare aneng palatar nginggiling panggung
miyarsa wong alok maling
Umarmaya pandungipun
mungsuh ana apa iki
padha anebut maringong.

21. Sigra mudhun Marmaya marang nggen mungsuh
mindha wong Kaos warneki
wus awor kalawan mungsuh
angrungu sayembareki
ya ta Umarmaya sagoh.

22. Ingsun ingkang saguh nyekel pandung iku
yen temen ganjaraneki
Ratu Jobin suka muwus
iya pasthi temen mami
kang mindha sigra mring pawon

23. mBekta suwar amarani nggening pandung
wus celak meh Jinemparing
ampingan saka nggenipun
kagyat Ki Umarmayeki
dinulu yen sang lir sinom

24. Pan sinapa basa Arab gya sumaur
kalamun sang rajaputri
Ki Umarmaya agupuh
sang retna sigra sinunggi
binekta malumpat adoh.

25. Prapteng jawi Umarmaya nampel pupu
sarwi sumbar cerik-cerik

heh wong Kaos sira tambuh
malinge sang rajaputri
kang asanggup Marmayengong.

26. Ratu Jobin miyarsa kalangkung ngungun
kalingane ari mami
ngunggahi mring tilamingsun
nora katemu nggon mami
dadi kasasar mring pawon.

27. Dhuh kusuma ratu-ratuning rum-arum
ratu-ratuning mamanis
ratu-ratuning jumerut
ratu-ratuning hergeni
ratu-ratuning nak egot.

28. Yen weruha masingong paturoningsun
baya banjur ameteki
sarwi nggendeng nggendeng kemul
api api sun kukuhi
endhasku nuli denthothok.

29. Nothok ceplos endhasku benjut saejun
api api sun dukani
endhasku mundhak dengebug
gobrah kaya denberangi
tatu ambane saregol.

30. Denidoni sapisan waras tatuku
kari samataning pitik
sadina kas warasipun
nuli ingsun srenggarani
ingsun gendhong reyang-reyong.

31. Ya ta wau Marmaya ing antukipun
tanya mring sang rajaputri
pundi margane duk metu
iya lawange Marmadi

kakang sun jangji paparon.

32. Dyan jumujug Marmaya ing kori kidul
anulya dipunwengani
tinagih paparonipun
tan antuk gya deninebi
Umarmaya nulya ngaton.

33. Ala temen Umarmadi sira iku
wong metu sok sira wehi
lah sapa kang metu mau
ngaku patayar mamaling
raraupa sapa katon.

34. Apa iya lulurah patayar iku
garagapan Umarmadi
gumeter tan darbe bayu
ambekane kempis-kempis
angungun denya kadudon.

35. Ingsun kakang asok dhendha wolung ewu
apuranen ingsun iki
Umarmaya asru muwus
katujune sun meningi
gawe ayu kabeh kang wong.

36. Tinakenan tutur mula bukanipun
pinundhutan bubur warih
ngupaya gandum tan antuk
marmane paduka inggih
boten mundhut para katong.

37. Inggih mansah towanga kang para ratu
sang retna wus kering nuti
kondur lumebeng kadhatun
warnanen Umarmayeki
angundhangi manising wonge.

VIII. UMARMAYA DADOS PANDUNG.

DHANDHANGGULA.

1 Umarmaya gumujeng denyangling
Umarmadi keriya ywa nendra
sun lunga mamandung dhewe
sigra Marmaya metu
pakuwoning mungsuh wus prapti
mring pawon ngambil jenang
sajodhi pinanggul
mundur mulih Umarmaya
densrahaken enya tunggunen Marmadi.
ing mengko bareng padha.

2. Sedheng akeh tunggale binukti
parandene batur padha nendra
pinangan wong roro bae
kesah Umarmaya wus
pan tinilar jenang sajodhi
tinunggu Umarmadya
kongas gandanipun
nulya dinulit dinilat
dangu dangu tan derana Umarmadi
kinokop sampun telas.

3. Umarmaya prapta antuk malih
aris gandum lothi sabobodhag
enya tulungana kiye
Ki Umarmaya ndulu
bubur jedhi sampun baresih
kadya dinilat setan
pagene ntek iku
Prabu Marmadi lingira

ingsun mambu ngong dilat saking sathithik
tan nyana lamun telas.

4. Umarmaya panyentake bengis
jer gondhangmu iku kalolodan
nora nganteni kang oleh
lah nya tunggunen iku
ingsun lunga mamaling malih
aywa ta sira pangan
yen sun durung rawuh
saungkure Umarmaya
lothi gandum kinokop sampun baresih
wuwusen Umarmaya.

5 Pan jumujug pakuwone Jobin
laju marang pasareyanira
sampun tumama sirepe
kang kemit samya turu
wong sawiji tan ana tangi
samya sanget aripnya
mentas alok pandung
Ratu Jobin grananira
sineselan ing darubesi anuli
wahing lajeng kantaka.

6.. Wus binuntel ing kemulireki
dyan binopong wus binakta mentar
prapteng Barduwak enggone
Prabu Marmadi wau
Umarmaya gupuh denyangling
balendhang tulungana
pan kabotan ingsun
iki jenang sabopongan
dyan cinandhak anjola Prabu Marmadi
lah iki dudu jenang.

7. Kaya ta uwong olihireki
gawe apa ambuntel manungsa

Umarmaya sru wuwuse
iya badhogen iku
aywa kudu ngenteni mami
ratu Kaos nagara
ya si Jobin iku
den becik sira tunggua.
ingsun arsa bali mbaleni si patih
Bestak rep ingsun banda.

8. Umarmaya kesah sampun prapti
pakuwone kiya Patih Bestak
anjujug pasareyane
sinogok irungipun
darubesi anulya wahing
kantaka jronig nendra
wus binuntel gupuh
binoyong binekta medal
sampun prapta pajagane Umarmadi
sinelehaken sigra.

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSS DEPDIKBUD

9 Lah tunggunen ingsun bali maning
ambaleni ing Prabu Nusirwan
Umarmadi gedheg-gedheg
mangkene tingkahipun
nora kaprah padhaning janmi
wegah ingsun mungsuha
mring Marmaya iku
nuju rowangnya alenggah
Umarmadi lawan Prabu Andanbilis
kalih angungun samya

10. Duk aperang rame-rame nguni
mangkeneya tingkahing ngayuda
tur kena ratune bae
tuhu yen puthet pethut
Umarmaya mbandakalani
wau lampahnya prapta

pakuwon sang Prabu
Nusirwan kapanggih nendra
Umarmaya grana sineselan aglis
ing darubesi ngrebda.

11. Pan kantaka prabu nyakrawati
wus binuntel pinanggul gya medal
prapta Marmadi enggone
sinelehaken sampun
wong titiga pating gulinting
para nata keh prapta
kang samya angrungu
byar raina gya binekta
Alamdahur mbopong prabu nyakrawati
Tamtanus nggawa Bestak.

12. Umarmadi mbopong Ratu Jobin
pan binekta marang dalem pura
prapta wau ing ngarsane
Wong Menak lon andangu
apa iku sira bopongi
matur Ki Umarmaya
punika pan mungsuh
satunggal pun ratu dora
kang satunggal punika patih darengki
Rajeng Kaos satunggal.

13. Kagyat ngandika sang Jayengmurti
arep sira kapakaken padha
dene ginawa marene
Ki Umarmaya matur
ing sakarsa angreha dadi
manjara mejahana
sakarsa pukulun
ngandika sang Kakungingrat
esmu bendu tan arsa ingsun mateni
ing mungsuh marga cidra.

14. Menek ilang kaprawiran mami
anuruta kaya lakunira
culika marang mungsuhe
baya ing jagad kasub
prajurite ing Pasurbumi
katuju pupuliha
pinedhang ing mungsuh
ana wadyane satunggal
aculika mungsuh kena denmalingi
dudu trap wirutama.

15. Ujar iku iya kang sun kelir
Umarmaya ngraos yen dinukan
anor asih ing ature
inggih karsa pukulun
lamun boten anyuwaneni
Wong Agung angandika
gawanen wismamu
sakarepira ing kana
nanging iya aywa ta sira pateni
rusak prawiranira.

16. Umarmaya matur inggih inggih
mangsa ningkirna kang pangandika
gya binekta medal age
marang ing wismanipun
nulya sami denpenawani
ing lenga wijen lawan
kineceran jeruk
wus tangi nulya binanda
amung sira sang prabu anyakrawati
kang datan tinalenan

17. Arya Maktal lan Umarmayeki
tur prana tuwin para raja
amung Marmadi mathentheng
lawan Prabu Lamdahur

ngisis waja nglirik mucicil
ngenes Prabu Nusirwan
pinandeng Lamdahur
Bestak lan Jobin karuna
aningali para raja akeh prapti
jejel wismeng Marmaya.

18. Prapta duta saking rajaputri
abibisik marang Umarmaya
Umarmaya lon saure
mangsa waniya ingsun
amilara nateng Medayin
yen ngong maksih suwita
marang Jayengpupuh
lah iku delengen uga
nganggur bae malah ingsun kabekteni
pan nora ingsun banda.

19. Lawan kinen nimbali Baktari
prapteng pura garwane Marmaya
sang dyah alon timbalane
heh Baktari sireku
aywa sira ngewuh ewuhi
solahe lakinira
marang wong tuwamu
mangsa ta denpatenana
nembah nuwun sira Ni Dewi Baktari
datan suwaleng solah

20. Rajaputri sadina ping kalih
sadinane angirimi rama
ing kawan dina lamine
sinangsaya neng ngriku
Patih Bestak lan Ratu Jobin
Umarmaya sru muwus
lah pilihen iku
sir matiya sun suwak

lawan iya matiya ingsun sujeni
Bestak Jobin karuna.

21. Angur uripana ingsun iki
apa barang sapanjalukira
iya sun turuti bae
nadyan karatoningsun
ingong datan suwaleng kapti
mesem Marmaya ngucap
sarwi manthuk-manthuk
iki silih wong awayang
iya akeh unine wong arep urip
tambuh kang denucapa.

22. Nambung sabda Raja Andanbilis
Umarmaya lamun uripana
sang nata iba-ibane
panaur ring sireku
Umarmaya nglirik mucicil
kalingane maksih tresna
mring tilas ratumu
lamun sira maksih tresna
lah ta mara sira ingsun banda maning
Andanbilis mangrepa.

23. Heh ta bapa mratuwa sireki
apa arep urip apa pejah
Kyai Patih Bestak saure
mbok uripana ingsun
anakingong sira nggo rabi
Marmaya wuwusira
den akeh tebusmu
weha beras sewu unta
payo sira munggaha panggung tumuli
undange baturira.

24. Jobin angling sun milu kadyeki
angulari beras sewu unta

lumintu ing payu bae
Marmaya suka ngrungu
wus tinuntun bandane sanu
minggah marang palatar
asru nguwuh-uwuh
kinen ngateraken beras
sewu unta wadya wus samya ngateri
dadya rong ewu unta.

25. Unta gilir pan wus dentampani
marang wadyane Ki Umarmaya
Tatiwalar papatihe
beras binagi sampun
marang sagung para narpati
Jobin Bestak lingira
kapan luwaringsun
nauri Ki Umarmaya
iya mengko arsa sun gitiki dhingin
Marmaya sigra ngatag.

26. Para ratu wadana den aglis
mara kono padha pupuliya
baturmu kang mati kabeh
iki kang gawe lampus
ratu ingkang wadana nenggih
pan sawidak sakawan
angreh samya ratu
ana napuk ana ndhupak
ana njotos ambithi anyametheni
kalih niba kantaka.

27. Wus siniram ing banyu anglilir
nulya sami cinukur marapat
sasisih amung brengose
den talerongi angus
alis samya dipuncukuri
Marmaya wuwusira

iku tiwasipun
ratu ginggang saking praja
tangganing wong barang panggawe kang becik
kang pantes ing sasanak.

28. Kalih sampun inguculan sami
pan titiga lawan Sri Nusirwan
wusa samya inguculake
amung Nusirwan wutuh
kang kakalih mulih barindhil
wadyane kang umiyat
samya keh gumuyu
lah iku tinemunira
papacanganing wong arep den rebuti
ing mengko nemu papa.

29. Liwat saking bilai lan isin
saumure mangsa denandela
marang bala punggawane
katujune ta iku
nora banjur dipunpateni
kancane ana ngucap
tambuh sira wuwus
angajaraken malarat
apa uwis sira tan lumakyeng kardi
aneng Kaos nagara.

30. Sapraptaning pakuwonireki
Jobin angling marang Patih Bestak
heh ki patih ingsun mangke
kapok manira ngepung
marang kutha ing Mekah iki
Patih Bestak aturnya
sampun ta sang prabu
paduka nata kapokan
balik sami pupulih ing lara isin
ngulari pangupaya.

31. Nadyan sami kacepenga malih
ping sadasa mangsa ta pejaha
pun Jayengmurti tan aweh
mbenjang inggih tinebus
yen paduka kacepeng malih
sinigeg kalihira
kang kepung kinepung
wonten gegempalan kandha
sira prabu Ngajetak pan ratuning jin
sang Prabu Tamimasar.

32. Ingkang angreh sakehing ratu jin
pan sadaya sumiweng Ngajerak
tanpa wilangan balane
mangkana sang aprabu
Ngajrak lagya kasoran jurit
aprang lawan yeksendra
kang minangka ripu
danawa ing parwata Kap
binisikan yaksanata Prabu Imprit
danawa parwata Kap.

33. Kawon dening sugandanira mis
marma prabu Ngajrak saha bala
kesah saking kadhatone
nagri Ngajrak puniku
cinarita jabaning langit
angungsi wanawasa
lan sawadyanipun
nimbali papatihira
prabu Ngajrak nama Patih Asanasil
wus aneng ngarsa nata.

34. Miwah sagung kang para ratu jin.
heh Sanasil paran budinira
lamun aweta mangkene
apa ta bisa ingsun

mulih marang prajangong malih
nagara ing Ngajerak
ing kutha mas iku
ing kadhaton nawa retna
lah tenungna ing kitabira den aglis
layang Kadamasenan.

35. Kiya patih sigra aningali
nulya matur inggih saged tuwan
nanging wonten jalarane
dene saking pukulun
ing kaskaya paduka aji
margi amintasraya
manungsa puniku
pan inggih nagari Mekah
satriyambyah punika ingkang ngentasi
ing karya padukendra.

36. Kaya ngapa budinira patih
dene ingkang kalebu tenungnya
manungsa doh pinangkane
lan dudu jinis iku
pan manungsa kalawan ejin
elok wirayatira
kya patih wotsantun
paduka bathara lupa
dening nguni tuwan sampun anedhaki
asmareng nagri Mekah.

IX. SANG AMIR PININTASRAYA ING RAJA JIN

ASMARADANA

1. Duk prameswarinta nguni
   ambabar ing putra tuwan
   Raden Sadatsatir dene
   tuwan ngandikeng kawula
   heh patih nora nana
   rare pekik cahya mancur
   ingkang kadi putraningwang.

2. Kaki Raden Sadatsatir
   amba tuwan ken nenungna
   manawa na totondhene
   ing warnane putra tuwan
   ing iladuni amba
   miyat kitab tenung ulun
   wonten timbange punika.

3. Pekike putra narpati
   tuwin ujwalaning cahya
   miwah guna widibyane
   nanging manungsa ing Mekah
   rare kang aran Ambyah
   nunten paduka yun weruh
   tedhak dhateng nagri Mekah.

4. Panggih Arya Dulmuntalib
   manggihi lawan kang garwa
   samya ambekta pasuson
   sori nata pinanggiyan
   ing garwane Ki Arya
   kalih samya mangku sunu

duk sami pasusonira.

5. Suwarnanipun pan sami
Sadatsatir lawan Ambyah
nulya sareng nyelehake
rare kalih sareng mular
samya neng palenggahan
sambut sinambut kaliru
samya suson-sinusonan.

6. Putra tuwan Sadatsatir
sinuson ibune Ambyah
Rahaden Ambyah sinuson
ing sori paduka nata
dangu tan wonten ngrasa
dupi ngajengaken mantuk
enget samya wawangsulan.

7. Punika purwaning nguni
putra paduka rahadyan
kadang sasusu yaktine
Sadatsatir lawan Ambyah
milanya yen sambada
putra paduka tinuduh
marang Ngarab mintasraya.

8. Malar katoleha ugi
yen ningali putra tuwan
kawula kang ngelirake
gampila pinintasraya
sang prabu angandika
iya iringna gustimu
lan nggawaa papalangkan.

9. mBok katutur anak mami
gawanen margeng gagana
nulya sareng nembah lengser
saha mbekta papanganan

wowohan ing wukir Kap
awor angin lampahipun
rikat sami lan maruta.

10. Praptaning Mekah nagari
anjujug ing Kakbatollah
apan sang Jayengpalugon
wus sawulan aneng Kakbah
nenedha ing Hyang Suksma
jin kalih neng ngarsanipun
nanging datan katingalan.

11. Wowohan sadhulang nuli
dinekek ing ngarsanira
kagyat sang Jayengpalugon
mulat dhudhulang kang prapta
kang nggawa nora nana
Maktal ingandikan sampun
yayi iki ana dhulang.

12. Kang weweh nora kaeksi
undangen si Umarmaya
datan adangu praptane
winartan ana dhudhulang
isi wowohan pelag
kang weweh nora kadulu
umatur Ki Umarmaya.

13. Suwawi binekta mulih
ingaturken rama tuwan
manawi wikan tuduhe
saksana binakta medal
saking ing Kakbatollah
mantuk marang jro kadhatun
prapta ngarsane kang rama.

14. Katur saaturireki
praptane ingkang dhudhulang

isi wowohan kinaot
kang rama alon ngandika
kulup iki wowohan
ing gunung pan wijilipun
dudu wowohan manungsa.

15. Babo iki ana ejin
tan ana ingkang manungsa
kuwasa nggawa merene
ana karepe mring sira
jin iki kang anggawa
yen ana maning kadyeku
mangkene sira ngucapa.

16. Wabbikaki kaomihi
ya Bagendha Sulemana
pasthi kulup nuli katon
mengko baliya mring Kakbah
saksana kang wowohan
binagi lan para ratu
miwah sagung para kadang.

17. Wong Menak anulya bali
wong titiga marang Kakbah
Maktal Marmaya rowange
sapraptanira ing Kakbah
wowohan nulya prapta
nenggih sadhudhulang agung
sang Jayengmurti gya ngucap.

18. Wabbikaki kaomihi
ya Bagendha Sulemana
tan antara nulya katon
Sadatsatir lan apatya
Sanasil sarwi mojar
angger paduka wotsantun
punika raka paduka.

19. Sigra Raden Sadatsatir
tur sembah angaras pada
ngandika Jayengpalugon
lah ta sira iki sapa
lan ngendi wismanira
sigra denira wotsantun
pun Sadatsatir kawula.

20. Nenggih sutaning ratu jin
Sanasil anambung sabda
punika angger sadherek
sarilak lawan paduka
dhuh gusti lun wirayat
katur mula bukanipun
duk samya pasusonira.

21. Ngandika sang Jayengmurti
lamun mangkono kariya
sun mulih marang kadhaton
sigra kondur prapteng pura
ing ngarsane kang rama
kang putra nembah umatur
estu wonten ejin prapta.

22. Saking Ngajerak nagari
satunggil putraning nata
kang satunggil papatihe
damele angaken kadang
inggih dhateng kawula
ananging kadang sasusu
katur mula bukanira.

23. Kang rama ngandika aris
matura mring ibunira
kaya eling yen mangkono
sigra dennya manjing pura
prapteng ngarseng bunira

katur kang warta puniku
kang ibu enget kewala.

24. Nyata sinuson ing ejin
garwane ratu Ngajerak
kang nusoni ing sira ngger
putrane ratu jin ika
kasuson ing manira
pira ta lamine kulup
duk padha rare lan sira.

25. Wetune kabuka iki
lah mara sira undanga
arinira iku angger
Wong Menak anulya medal
matur marang kang rama
inggih rama apan estu
lamun kadang papaliyan.

26. Marmaya undangen aglis
yayi Sadatsatir ika
lawan Sanasil den age
Marmaya sigra umesat
ing Kakbah sampun prapta
tinimbalan kalihipun
sandika mbekta wowohan.

27. Wus lumampah Marmayeki
samarga-marga mbebeka
lah mara ngilanga maneh
mengko nuli angatona
kakalih sareng ngilang
Umarmaya celuk-celuk
ing ngendi panggonanira.

28. Jin kalih datan nauri
lawan ta nora katingal
Marmaya maras ing tyase

mulat wuri julalatan
Marmaya nulya maca
wabbikaki kaomuhu
ya Bagendha Sulemana.

29. Anulya katingal malih
gumuyu Ki Umarmaya
ingsun wurukken japane
kang mawa nora katingal
Patih Sanasil mojar
apan ta wus takdiripun
Ki Umarmaya angucap.

30. Ingsun kapengin dadya jin
yen ta mangkono wehana
ingsun jin salawe bae
sun gawene kajineman
Patih Sanasil mojar
tambuh-tambuh sira jaluk
enjin maksih luhur sira.

31. Saksana wus prapteng ngarsi
Sadatsatir tur pranata
mring Arya Dulmuntalipe
Wong Menak alon ngandika
payo yayi mring pura
tinimbalan ing ibumu
saksana sareng lumampah.

32. Prapteng pura awotsari
Sadatsatir ngaras pada
rinangkul sarya lingnya lon
lah iba ta laminira
karo samya diwasa
kalihe sareng wotsantun
medal umarek kang rama.

33. Ki Arya ngandika aris

babo Raden jarwanana
lakunira kapindhone
Raden Sadatsatir nembah
dinuta ing jeng rama
nuwun kakang Jayengpupuh
praptaa nagri Ngajerak.

34. Jeng rama kasoran jurit
amengsah lan dityaraja
boten wit aprang kawone
akawon dening suganda
amis arus punika
marma kesah sawadyeku
jeng rama linggar mring wana.

35. Sang Dipati ngandika ris
iya talah kulup talah
dene padha kaparenge
ing kana kinebur mengsah
kene kinepung mengsah
Sadatsatir awotsantun
sinten ing ngriki kang ngepang.

36. Kulup prabu nyakrawati
mratuwane kakangira
dening ta ratu malihe
Jobin ing Kaos nagara
Sanasil njawil sigra
sanggupana mengsahipun
daweg sami ingamukan.

37. Nembah Raden Sadatsatir
kawula mit ngamuk mengsah
sigra medal tan asuwe
prapteng pakuwoning mengsah
lajeng ngamuk kewala
anigas anugel gulu
geger tan wruh tingkahira.

38. Tan kendel angobrak-abrik
wadya kyeh bilulungan
ting balorot ting balocor
tan wruh pinangkaning mengsah
tatu tan wruh ing lawan
amung pedhang kang kadulu
marang ngarsa nigas jangga.

39. Maledug bala gung ngisis
ting galembor gundam-gundam
para ratu sampun adoh
Jobin Bestak lan Nusirwan
manawa Umarmaya
anututi nuli nyukur
wus bubar bala kang ngepang.

40. Kendel nagari Medayin
sang Raja Jobin punika
tan kondur mring nagri Kaos
kuneng ingkang kapelajar
Sadatsatir wus prapta
ing ngarsane Arya Ngabdul
wong Mekah kabeh wus wikan.

41. Yen kang ngepung sampun gusis
wadya lit pra samya suka
samya nupiksa pakuwon
Sadatsatir ngaras pada
sira sang Kakungingrat
matur mring rama wotsantun
kawula amit ing tuwan.

42. Dening yayi Sadatsatir
sampun pakarya ing tuwan
punapa winalesake
lan tebih nagri Ngajerak
ari paduka nata
sanget ing pamandengipun

mring paduka lan kawula.

43. Ngandikarya Dulmuntalip
heh Sanasil wataranta
kaya ta pira lawase
sutanira sira gawa
neng Ngajerak nagara
Patih Sanasil wotsantun
kadi yen wolulas warsa.

44. Iki sira wruh pribadi
matura ing yayi nata
yen kene kuwatir gedhe
tur sembah mangsa lamiya
sigra sang Kakungingrat
animbali para ratu
miwah satriya punggawa.

45. Ngandika sang Jayengmurti
sarupane para nata
yen tulus tresna maringong
ing sawuriningsun lunga
padha sira anuta
mring kakang Umarmayeku
apa dene yayi Maktal.

46. Ingkang siniwi ing jawi
dening pra ratu punggawa
minangka sisilih ingong
ing jero si Umarmaya
aywa na kang lenggana
marang wong roro puniku
barang paribawanira.

47. Cinarita kawan ari
denya pamit marang garwa
sawusnya siyaga age
tinitihaken palangka

sagung kapraboning prang
gada duduk lan salukun
punika datan binakta.

48. Mung pedhang kere baruti
sanjata kalawan sangsang
tulup cacap lan sasandhok
punika ingkang binakta
siji tan mawi bala
wus amit sadayanipun
gya sinunggi kang palangka.

49. Mring Apatih Asanasil
mumbul mesat ing gagana
kagyat ningali pra katong
samya lamlamen sadaya
miwah rama lan kadang
kang putra saangkatipun
denira tan mawi bala.

50. Dung-idungen kang para ji
pra kadang samya nalangsa
dene ta binektakake
muring-muring mring kang rama
Dyan Umarmaya mojar
tambuh kang denungun-ungun
balik lan padha nduduka.

X. SANG AMIR PERANG KALIYAN WADYA DITYA, MENGSAHIPUN SANG RAJA JIN

DUDUKWULUH

1. Angur samya jumurunga donganipun
   lan lestarekna kang weling
   aran ana wekasipun
   si Maktal sisilih njawi
   sineba ing para katong.

2. Pamugari ing njaba ing jro pan ingsun
   aja owah kaya lami
   duk anane Jayengpupuh
   ingsun ingkang bobotohi
   kang nanggulangi pakewoh.

3. Maktal iku awak-awak Jayengpupuh
   bobotohe awak mami
   kadya laku kang rumuhun
   saksana samya nglampahi
   Maktal siniweng pra katong.

4. Umarmaya sapuregeling kadhatun
   kuneng kang wus amiranti
   warnanen sang Jayengpupuh
   lawan Raden Sadatsatir
   katiga Sanasil kang wong.

5. Lampahira bantala wus tan kadulu
   gancang sampun angungkuli
   wewengkoning Ekap gunung
   sineren pinggiring beji
   sinajen wowohan kaot.

6. Jayengmurti tatanya ndi prenahipun
ing kadhaton jeng rama ji
Sanasil nembah umatur
pan inggih maksih atebih
ing Kuthamas kang kinaot.

7. Sasampuning adhahar anginum banyu
palangka nuli sinunggi
sigra binekta mandhuwur
mider tan dangu kaeksi
ana murub amancorong.

8. Angebeki jagad sumingeb kadulu
tatanya sang Jayengmurti
apa iki katon murub
ngebeki jagad nelahi
surem baskara tan katon.

9. ngGih punika Kuthagara ing mas murub
kadhaton nawa retnadi
punika nggone kang mungsuh
ditya raja kang ngebroki
mengsahe ramanta katong.

10. Pan kawula ing ngriki inggih awangsul
tuwan tindaka pribadi
Jayengmurti lon amuwus
ing kono jujugna dhingin
Asanasil matur alon.

11. Tan kuwawa wadya jin nyelak mariku
tan tahan mambet ganda mis
mila nyraya Wong Agung
inggih saking tan kuwawi
amungsuh denawa katong.

12. Pan kawula mamanuki ing pukulun
amba angimbang-imbangi

saking doh munggwing ing luhur
wus pisah sang Jayengmurti
wus datan cipteng pakewoh.

13. Wus kawengku ciptanira Jayengpupuh
salat kalih rekangati
anulya manjing kadhatun
ebat denira ningali
dene mas ginawe banon.

14. Pan sinuji-suji nawa retna murub
dene kang mangka cepuri
akik abang akik wungu
jumerut nila widuri
marma padhang ting pancorong.

15. Datan ana sabawane dityaprabu
ameng-ameng wana sami
saha bala ambuburu
mamring kadhaton asepi
Wong Menak marang lalangon.

16. Ebat mulat rengganira taman santun
herlaut lawan hergeni
sosotya gung adi luhung
sadaya na tanpa kardi
kadya anggarap balethok.

17. Nenggih wonten danawa ing taman santun
satunggal anyinyirami
pepethetan karyanipun
aningali Jayengmurti
sang ditya angrik anggembor.

18. Heh manungsa baya ngendi pinangkamu
kongsi tumeka ing ngriki
apa manusa satuhu

nauri sang Jayengmurti
ing Mekah pinangkaningong.

19. Punang ditya ambedhol watu salumbung
binandhem sang Jayengmurti
sumingkir datan katuju
sigra ditya jinemparing
kena jajane marodhol.

20. Nulya niba danawa ngerik anguwuh
lah pindhonen awak mami
aja tanggung dimen lampus
pinindho danawa keni
tatu waras tangi anggro.

21. Lah ta iki manusa mengko patimu
binandhem sela tan keni
pinanah jajane terus
saben pinindho atangi
angungun Jayengpalugon.

22. Danawa ngling heh payo leren karuhun
iya mengko perang maning
kesel awakingsun lesu
arep mangan kolak mami
nuruti Jayengpalugon.

23. Kaya paran wekasane aprang pupuh
mateni danawa siji
teka nora bisa lampus
kongsi tengange ajurit
kiye kaya patiningong.

24. Ya ta kendel sang Jayengmurti mahalun
mahalun iku semedi
tiwikrama tegesipun
tan antara Nabi Kilir
prapta nggawa reyang-reyong.

25. Sekul anget lawan pindhang satutuwung
kaluwa sasela guci
assalamu alaekum
ngalekum salam nauri
Jayengmurti atatakon.

26, Sapa sinten paduka punika rawuh
kang tinanya anauri
ingsun iki eyangamu
iya ingsun Nabi Kilir
kang sinung karya Hyang Manon.

27. Anganglangi jagad lawan samodra gung
mbok ana kakasih Widhi
paring kanugrahan ingsun
lah putu sarapa dhingin
mengko sun tuturi babo.

28. Atur sembah adhahar sang Jayengpupuh
sekul lan kluwa saguci
wus seger saliranipun
ngandika Jeng Nabi Kilir
mengko yen prang putuningong.

29. Yen danawa wus kena ing jemparingmu
anguwuh akon mindhoni
nangkono saure putu
nora kudu sun pindhoni
sapisan bae macothot.

30. Yen angrungu buta mengkono sumbarmu
endhase nulya binanting
pribadi ngedu ing watu
tan asuwe nuli mati
uwis iku wekasingong.

31. Nulya musna Nabi Kilir tan kadulu
mangkana sang Jayengmurti

susumbar anguwuh-uwuh
lah ditya payo prang maning
dene wis suwe mbabadhog.

32. Sigra medal angrik kadi gelap sewu
watu kang kinarya undhi
ireng gedhene salumbung
binandhem sang jayengmurti
sumingkir datan kasenggol.

33. Jinemparing danawa jajane terus
anguwuh akon mindhoni
ngandika sang Jayengsatru
nora kudu ngong pindhoni
sapisan bae macothot.

34. Duk miyarsa susumbare Jayengpupuh
awake binanting-banting
endhas binentus ing watu
tan asuwe nulya mati
awak longkrah ndhas malopor.

35. Langkung trustha ing driyanira Wong Agung
yen danawa wus ngemasi
sigra maring taman adus
lan amasuh kang jemparing
wuwusen danawa katong.

36. Ingkang mentas saking wana ambuburu
Sri Mahanarpati Imprit
lan sawadya punggawa gung
anjujug ing taman sari
sira karsane sang katong.

37. Bala ingkang pangarsa sami andulu
yen ana bangke raseksi
wil kang tengga taman lampus

cipta ana mungsuh prapti
samya ngrik pating galero.

38. Medal saking ing taman sang Jayengpupuh
danawa samya ningali
yen ana manusa rawuh
payo rebutan den aglis
wadya lit pating galidro.

39. Nulya matur marang sri danawa prabu
yen ana manusa prapti
payo cekelen den gupuh
aja ta sira pateni
sareng mangsah samya anggro.

40. Samya muter gada myang parasu limpung
tan kewran sang Jayengmurti
amantheng jemparingipun
singa parek jinemparing
kang kacundhuk samya nggembor.

41. Saben kena danawa ken mindho nuju
nanging ta sang Jayengmurti
susumbar duk kadya wau
samyarsanira ambanting
ing murda pating kaleprok.

42. Mangsah maning ana anibani watu
ana kang ngantebi siti
prayitna sang Jayengpupuh
sumingkir anganan ngeri
babandhem tan ana nggepok.

43. Singa ingkang tinuju pinanah terus
danawa akon mindhoni
tan arsa sang Jayengpupuh
sapisan bae ko mati
danawa niba anggero.

44. Pan mangkana sadangunira prang pupuh
kang kena akon mindhoni
sinauran kadya wau
ditya aniba pribadi
mati uteke malopor.

45. Ngatag malih punggawa prawira prabu
pinanah akeh ngemasi
punggawa mati tetelu
ditya lit datanpa wilis
aprang lan prawireng anom.

XI. SANG DANAWARAJA PEJAH DENING SANG AMIR

SINOM

1. Krodha sang danawaraja
mulat balane keh mati
mangsah sarwi ngundha-undha
sela tem saardi siwi
duk arsa marepeki
wonten ditya pinisepuh
sigra angrangkul pada
umatur ngrerepa gusti
dhuh prabuku sampun mangsah ing payudana.

2. ngGer ulun mirsa wirayat
Jeng Nabi Suleman nguni
ngandikeng eyang paduka
besuk ing sawuri mami
ana satriya siji
ing Ngarab wijilanipun
nama Sayidin Ambyah
Wong Agung Wiradimurti
besuk ingkang angunggahi ing Jabal Kap.

3. Prandene datanpa rowang
anglebur sakeh raseksi
wil ditya diyu danawa
tumpes dening wong sawiji
manawi ta puniki
dene inggih praptanipun
datan amawi bala
sinten kang saged mariki
yen manusa kang boten kalebu weca.

4. Kapanggih ujaring jangka
wirayate Kangjang Nabi
Suleman ratuning jagad
mila sampun age jurit
miyarsa turing dasih
Raja Imprit langkung bendu
buta tuwo ameksa
ature sarwi nggondheli
saking genge katrisnan mring gustinira.

5. Waringuten yaksaendra
buta tuwa denantebi
ing watu salumbung pejah
kuwanda gung awor siti
wus lumrahe raseksi
tan kena pinrih rahayu
lamun binecikana
tan wande males ngalani
pan mangkono pralebda sagung manusa.

6. Lamun ta pinrih raharja
yen amales angalani
sayakti ukum danawa
ilang sipatira janmi
mangkana sang dityaji
angrik sarwi nggempal gunung
binandhem Jayengrana.
sumingkir nora ngeneni
sigra mangsah malumpat anarik pedhang.

7. Pinedhang pagas kang jangga
gumabrug tibeng ing siti
bangkene sang dityaraja
kadya rubuhing gurdaji
patine sang yaksaji
balane sigra angepung
Jayengmurti sudira

pangamuke ngobrak-abrik
ginarumung sayuta prawira ditya.

8. Kadya trunaning udaya
prakempa wutah ngelebi
angiwut pangamukira
pamedhange nganan ngeri
buta kang pra dipati
pra samya angalap watu
watu slumbung kinarya
ngudani sang Jayengmurti
ngiwa nengen ngendhani sarya amedhang.

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NCSF DEPBUDPAR

9. Ana angonta badhama
parasu nanggala piling
malumpat kebat lir kilat
akesit saengga thathit
danawa sarya angling
wong apa teka tan keguh
mungsuh ditya sayuta
wulune siji tan gigrig
nora kena aprang pinrih ing gagaman.

10. Kancaningsun anggalasah
wong siji ambabayani
angur padha lumayua
ngungsi guwa kang asungil
ing jurang kang atrebis
gumrudug sami lumayu
pratiwi kadya belah
sang Jayengmurti nyegati
samya nggiwar raseksa anasar-nasar.

11. Kathah kang kacandhak pejah
kang jangga manguwir-uwir
bau pagas suku rantas
mawur maledug tan kari

danawa sampun gusis
Kya Patih Sanasil rawuh
ambekta kang wowohan
sing redi kang seger manis
sarwi ngiring sang Jayengrana mring taman.

12. Asiram sarwi angumbah
pedhang panah dening getih
wus siram lajeng dhinahar
wowohan kang adi-adi
kya patih ngadhep ngarsi
tan adangu praptanipun
wau sri maharaja
gumrah wadya jin kang ngiring
esmu kagyat Wong Agung Surayengjagad.

13. Kya patih sinten punika
gumrah swarane kang ngiring
saupacarane abra
lawan yayi Sadatsatir
punika tumut ngiring
Patih Sanasil turipun
inggih rama paduka
ing Ngajrak sri narapati
inggih ingkang angambil sraya paduka.

14. Sang Jayengmurti umangsah
manembah nraup pada glis
rinangkul marang sang nata
adhuh anakingsun gusti
kaliwat amotangi
marang ingkang bapa masku
apa kang sun walesna
sigra astane kinanthi
Jayengrana binekta kondur mring pura.

15. Ginarebeg dening bala
sapraptanira jro puri

animbali pra dipatya
santana aglar neng ngarsi
Wong Agung Jayengmurti
sinandhing lenggah sang prabu
munggwing amparan retna
bojana sri narapati
anugata ing satriya Kakungingrat.

16. Nutug nggenira pra boga
sira Raden Sadatsatir
angladosi mring kang raka
anenggih juru anglarih
langkung suka angenting
sri nara Ngajrak anutug
sawarnine wowohan
Sadatsatir ing swargadi
datan ana jaman manusa kang wikan.

17. Manise aruming lawan
sagunge manusa bumi
tan ana kadi Ngajerak
dening wowohaning ejin
pindho mujijat nabi
Suleman ingkang dhumawuh
asih mring ratu Ngajrak
mila pusakaning nabi
inggih kathah kang wonten nagri Ngajerak.

18. Cinarita pitung dina
siyang pan anutug latri
mamangun srining pra boga
pan samya suka kang galih
Wong Agung Jayengmurti
suka miyat para ratu
wadyane nateng Ngajrak
pra dipati satriya jin
kinen anembaha mring sang Kakungingrat.

19. Samya anggusti sadaya
sawadyane sri bupati
mangkana sang Jayengrana
bibisik mring kyana patih
ingsun pamitna mangkin
kya patih marang sang prabu
mulih mring nagri Ngarab
kya patih majeng wotsari
putra tuwan yen wonten lilah paduka.

20. Kondur marang nagri Ngarab
sadinten punika gusti
wuri kawatir pan kathah
duk kala kawula prapti
maksih yun-ayunan jurit
kang mengsah samya angepung
bubar saking kawula
lan angger Dyan Sadatsatir
kang angamuk inggih bubare kang mengsah.

21. Sri bathara ing Ngajerak
pangandikanira aris
sakarsane sutaningwang
sun nuduh kang ngater dhingin
lan kapindho Sanasil
aterena putraningsun
malebu jroning pura
manawa na kang denkarsani
peni-peni ing kadhaton nawa retna.

22. Ing gedhong-gedhong sadaya
bukaken aja na kari
kang sri pelag kutha retna
manawa tinakon mbenjing
singa kang densenengi
jroning pura retna katur
sadaya tuduhena
wawangunan kenya puri
payo patih turana sira kanthiya.

XII. SANG AMIR BADHE WANGSUL DHATENG MEKAH DIPUNBEGAL DANAWA

KINANTHI

1. Ana kang dengawe tutur
   mbesuk ing Mekah nagari
   dene saking Kutha emas
   kadhaton nawa retnadi
   sigra kalih manjing pura
   prapta ebat aningali.

2. Sadaya pating palancur
   matur Patih Asanasil
   punapa ingkang kinarsan
   ngandika sang Jayengmurti
   pan ing Mekah wus akathah
   mas selaka sosotyadi.

3. Iku apa kang gumantung
   asandhing lawan camethi
   Patih Sanasil turira
   pusakane Kangjeng Nabi
   Suleman ratuning jagad
   makutha lugas sayekti.

4. Yen Nabi anitih diyu
   ameng-ameng ing wiyati
   ngrasuk punika makutha
   pratandha ngratoni ejin.
   sagung lelembut sadaya
   makutha punika ciri.

5. Cirinipun wal malakut
   Suleman minal masyriki

huwal magribi jinan
warihal huwal insani
wa gaman wa salametan
kocap karaton jeng Nabi.

6. Lamun puniku rinasuk
Jeng Nabi boya kaeksi
nadyan setan tan uninga
yaksa ditya miwah ejin
Wong Menak alon ngandika
matura ing sri bupati.

7. Yen puniku ingsun suwun
Sanasil umatur gampil
dene camethi punika
yen ditya danawa yaksi
lamun wonten kang dadosan
punika kinarya takjir.

8. Lah iya paman puniku
sun suwun uga sang aji
Wong Agung angajak medal
makutha miwah camethi
Patih Sanasil kang nggawa
matur ing jeng sri bupati.

9. Prapta ngarsanira prabu
Sanasil matur wotsari
datan wonten kang kinarsan
mung punika denkarsani
sang nata suka miyarsa
sukur iku denkarsani.

10. Yeku pusaka satuhu
oliya sapangat nabi
sang Jayengrana tur sembah
langkung kasuwun kapundhi
sang nata nimbali buta

boyonganira rumiyin.

11. Katiga sami tinantun
angaterken Jayengmurti
marang ing nagari Mekah
sanggup prapta pirang ari
satunggal sagah tri siyang
kalihira kang sanunggil.

12. Satunggal sadinten sanggup
punika ingkang tinuding
anyunggiya papalangkan
sang Jayengrana wotsari
amit sira Raden Sadat-
satir angeter ing jawi.

13. Miwah sira sang aprabu
samya angater ing jawi
Wong Agung wus munggwing plangka
ditya mesat ing wiyati
ngawang-awang lampahira
Jabalkap wus denungkuli.

14. Langkung wau aripipun
Wong Agung Wiradimurti
heh buta payo mudhuna
ingsun pan arip tan sipi
ditya kang nyunggi turira
adhuh sampun-sampun gusti.

15. Punika sukuning gunung
Jabalkap rumpil asungil
tan ana nggen palerenan
rejeng kang rata mung kedhik
punika margining ditya
danawa awira-wiri.

16. Kadi punapa pukulun

wontena yaksa meningi
inggih temah manggih bahya
amaksa sang Jayengmurti
lah payo leren sakedhap
danawa aturira ris.

17. Luhung lajenga rumuhun
denakekah nggugujengi
ulun serungne sakedhap
kadi mangke sonten prapti
sanadyan angger sarea
ing dalem Mekah nagari.

18. Ditya agea tumurun
ngong tan kena densayuti
buta tan purun lenggana
saksana tumurun aglis
estu yen sungil kalintang
kang radin amung sakedhik.

19. Margane danawa diyu
gandane arus abacin
sineleh palangka emas
Wong Menak pikiring galih
lah ingsun ngangge makutha
dimen aja na udani.

20. Ingagem makutha sampun
Wong Agung datan kaeksi
angalih saking palangkyan
sare neng oyod waringin
danawa maksih atengga
papalangkan denadhepi.

21. Wuwusen Raja Pardiyu
putrane sang Prabu Imprit
duk kalanira miyarsa
yen ingkang rama ngemasi

aprang lan satriya Ngarab
aneng Ngajerak nagari.

22. Saklangkung denira ngungun
Pardiyu sak liwat runtik
bala samya ingundhangan
danawa ditya raseksi
gumuruh sabalanira
danawarsa mangkat jurit.

23. Ri sedheng yaksa gumuruh
anambut gagaman jurit
dhendha parasu kretala
limpung lugora lan gandhi
gada lori lan muksara
bulu sarampang suligi.

24. Aglar wil wira gumuruh
gora gambira sabda ngrik
ngagar pedhang konta gada
umung sangkakala muni
budhal saking praja ningkang
diyu makrura amangrik.

25. Yaksa wil danawa diyu
maha sara sasra kang sri
pagut pratala lir ombak
kadya ruging arga agni
wil kang lumakya ing ngarsa
trisula bendra winening.

26. Kaywan kang katranggal rampung
krodhanya yuda raseksi
umung swara amarbawa
dhedhet ing wuri ditya ji
myang kanan kering bri lodra
mukanya danawa prapti.

27. ngGyaning papalangkanipun
asare sang Jayengmurti
buta satunggal anengga
angantuk maksih nenggani
cinekel ing wadyanira
katur ing sang danawa ji.

28. Tinanya ditya pa iku
umatur ditya tinuding
saking nagari Ngajerak
angater sang Jayengmurti
mantuk ing Mekah nagara
lah mengko ana ing ngendi.

29. Matur danawa kang tunggu
palangka wikan ing mangkin
duk wau aneng palangka
manawi darbe kasektin
Pardiyu sigra anyandhak
palangka binanting-banting.

30. Remuk palangka nggalepung
ditya kang tengga binanting
angga angganira remak
winor palangka kang rujit
jinuwing babalungira
lan palangka dadi siji.

31. Ngandika raja Mardiyu
tunggunen buta kakalih
mengko yen katon si Ambyah
cekelen aturna mami
nusula mring Kutha Emas
tur sembah danawa kalih.

32. Lajeng lampahe Pardiyu
lir gerahing raksasa wil
sang dityaraja manglodra

ing Ngajerak sampun prapti
gumuruh krura raksasa
nateng Ngajerak winarni.

33. Geger denya mambet marus
wruh yen danawa geng prapti
ampek prengus bilulungan
keh kalenger punggawa jin
dadya jengkar marang wana
sri Ngajrak sawadya sami.

34. Angebroki jro kadhatun
Pardiyu myang sawadya wil
umiyat wangekning bapa
lan sagung bala raseksi
kapempeng dera kurdhanya
angrik nguwuh ing jro puri.

35. Kuneng Pardiyu karuhun
Kalana Anjayengmurti
wungu denira anendra
miyat danawa kakalih
lan palangkanira sirna
ditya ingkang tunggu mati.

36. Sakalangkung denya ngungun
gawe ayu aweh pati
bener tuture si ditya
ageng pakewuh ing ngriki
saksana mecat makutha
katingal sang Jayengmurti.

37. Ditya kakalih andulu
krura manguwuh mangerik
sira baya ta si Ambyah
sun cekel sira prajurit
sang ditya sigra anyandhak
lumumpat datan akeni.

38. Prayitna sang Jayengpupuh
ditya mangsah dendhingini
pinedhang janggane pagas
sang ditya niba ngemasi
sapejahe kang satunggal
kang siji dipunlumpati.

39. Cinandhak jijithokipun
danawa tan bisa osik
lah buta ing ngendi sira
umatur ingkang raseksi
Pardiyu kang darbe bala
putrane sang Prabu Imprit.

40. Miyarsa yen ramanipun
aneng Ngajerak ngemasi
marmane agurawalan
ngrabaseng Ngajrak nagari
punika palangka ditya
sang nata ingkang njujuwing.

41. Sang Jayengmurti angungun
paran polahe sang aji
Ngajerak kapindhon mengsah
heh buta pa ingkang karsi
apa sira ingsun pedhang
danawa ika anangis.

42. Sasambat angadhuh-adhuh
mendhak ngarsa Jayengmurti
lamun sira arsa gesang
tuduhena jeneng mami
marang nagara Ngajerak
apa ta sira udani.

43. Ditya manembah umatur
inggih kawula udani
nulya sira tinalenan

sukune danawa sisih
Wong Agung nyekeli wuntat
danawa lumakyeng ngarsi.

44. Saparane anut pungkur
kinalar saking ing wuri
danawa nenggel prawata
jurang rejeng denmargani
Wong Agung nggraiteng driya
sukune tinarik wuri.

XIII. SANG AMIR KECEMPLUNG ING ENDHUT

PANGKUR

1. Heh danawa sira cidra
   teka nasar lakunira mring ngendi
   amrih kasayahan ingsun
   mengko sira prih ala
   narik pedhang pinedhang anggane rampung
   angganya gumabrug tiba
   wil ditya sampun ngemasi.

2. Sasampune ditya pejah
   anenedha sira sang Jeyengmurti
   maring Hyang Kang Maha Agung
   muga amba tuduhna
   ing Ngajerak punika ta marginipun
   Wong Menak sigra lalampah
   saparan karsaning ati.

3. Nenggel arga manggih wana
   langkung sungil rejeng-rejeng atrebis
   jurang rumpil papanipun
   wau sang Jayengrana
   pan kalangan nenggih kang samodra agung
   kendel kewran lampahira
   amedhang wreksa satunggil.

4. Wonten saliman gengira
   tigas pacing pan sampun denrampasi
   pinatut kinarya prau
   sinungan rong titiga
   rong kang ngajeng denmoti woh saking gunung
   kang wuri si banyu tawa

ing tengah denpinaraki.

5. Wus nitih sigra matengah
welah pedhang kemudhi gada bindi
palwanya binakta alun
anut paraning toya
saya melah adhahar wowohanipun
ing wuri anginum toya
mangkana denya lumaris.

6. Saben angleh nulya dhahar
ing wowohan mring wuri nginum warih
mangkana salaminipun
woh telas banyu telas
pan anginum samodra sin banyunipun
tan seger malah anggrangsang
salira lesah tan sipi.

7. Lesahe sangsaya ngrebda
awor arus kantaka Jayengmurti
ing prau neng samodra gung
kombak kombul ngalembak
kapukul ing angin adres palwa mamprung
aminggir nggepok dharatan
sang Jayengmurti anglilir.

8. Umiyat ana dharatan
gya lumumpat prapta pinggir pasisir
nanging kabaleder endhut
kacep sajengku sigra
ndedel mlumpat malah kacep jajanipun
obah malih wates jangga
mung sirahe kang kaeksi.

9. Wuwusen nateng Ngajerak
aneng wana nimbali Asanasil
sang nata ngandika asru
heh patih kaya ngapa

lawas temen ditya kang ngater nakingsun
saguhe amung sadina
mangke wus samadya sasi.

10. Lah patih sira tenungna
kaya ngapa solahe anak mami
sigra patih miyat tenung
munya sajroning serat
kyana patih duk miyat kalangkung ngungun
duta wil pejah ing wana
ajur lan plangka rinukmi.

11. Binanting Pardiyu raja
dene putra paduka Gusti Amir
inggih kabaleder endhut
mung sirah kang katingal
sri bupati ngandika mring patih gupuh
patih enggal tulungana
sutengong kang manggih westhi.

12. Sigra mesat ing gagana
ing ngawiyat lir jangkung miling-miling
katingalan Jayengpupuh
sinamber saking wiyat
sampun mentas ing dharatan langkung gleput
kadya anggane supena
Wong Agung Wiradimurti.

13. Dyan rinangkul padanira
sarwi nangis Ki Patih Asanasil
binekta pinggiring ranu
ing kali banyu tawa
amasuhi sadaya busananipun
sigra ngaturan wowohan
dhinahar mring Jayengmurti.

14. Sarwi angepe busana
heh Sanasil tan nyana ingsun urip

yen sampuna sira weruh
paran dadine baya
ing Ngajerak kaya ngapa sang aprabu
Sanasil matur anembah
rama tuwan ing wanadri.

15. Sampun aking kang busana
wus denagem payo gawanen mami
marang Kutha mas dengupuh
kadhaton nawaretna
gya sinunggi Wong Agung binekta mabur
sabangetane kang barat
sih banget lakuning ejin.

16. Prapta unggyaning duk prapta
wus sineleh Wong Agung Jayengmurti
Asanasil wus amabur
ngimbangi anggagana
kawarnaa sira sang raksasa prabu
Pardiyu aneng kadhatyan
gung kasukan siyang latri.

17. Gumrah ing jro Kutha Emas
bala ditya danawa pra raseksi
abojana mangan nginum
mangkan praptanira
Jayengmurti munggwing jawi gapura gung
sigra anulya apetak
lir rug undure kang ardi.

XIV. SANG AMIR DHAUP KALIYAN PUTRI JIN

DURMA

1. Sru ngandika heh Pardiyu iki apa
swara ingkang kapyarsi
ditya aturira
manawi langit rebah
lir gelap barung sakethi
sigra danawa
dirya yaksa umijil.

2. Pan gumuruh sagung prajurit danawa
ditya diyu raseksi
anon na manusa
praptane tanpa rowang
pating galidro angerik
baya iki ta
satriya Jayengmurti.

3. Durung ana manusa wruh ing Jbal Kap
nauri Jayengmurti
iya ingsun Ambyah
turan Dipati Mekah
mangsah prajurit raseksi
umung makrura
masinga nabda mamrih.

4. Dyan mangrangkep angduk ing prang akratala
mangaruk ya magandhi
manaut manangrah
manepak ring nanggala
mangdhendha pupuh manglori
mangbulus mangkrak

nuriga manuligi.

5. Manawat ing limpung magisya manggada
mara samya mupuhi
manglo-mangloriya
Jayengmurti tan kewran
ginarumung ing raseksi
danawa ditya
malumpat nganan ngering.

6. Ngiwat-ngiwut sira mByah pangamukira
kadya thathit akesit
tan kena badhama
akebat anglir kilat
wus kathah danawa mati
rahnya mangrawa
Pardiyu langkung runtik.

7. Mangsah angrik angundha watu sagajah
mangkrak krura ngantebi
sigra binarengan
sinander linumpatan
jijithok dipunanciki
bau pinedhang
sah bau tibeng siti.

8. Jangganira pinedhang tinula-tula
datansah saking genging
Pardiyu angganya
aniba lir parwata
rug sagung wadya raseksi
ebat umiyat
samya lumaywa ngisis.

9. Pinegatan kang kacandhak akeh pejah
dadya asanget nggendring
samya mungkur menda
angungsi wana wasa

samya ngrurumpaki wraksi
wangsul samana
Wong Agung Jayengmurti.

10. Marang taman amusuh ingkang gagaman
sirani sang Jayengmurti
Sanasil wus prapta
sarwi atur wowohan
dhinahar sang Jayengmurti
sang prabu Ngajrak
prapta wadya umiring.

11. Dyan Wong Agung amethukaken sang nata
amengkul pada kalih
anulya cinandhak
rinangkul kang lungayan
sigra astane kinanthi
sampun binekta
lumebet jroning puri.

12. Akasukan sang nata munggeng bacingah
pan sampun pinisalin
ing wastra kajiman
sira sang Surayengrat
gumuruh kang nglaladeni
cethi prayangan
lan pawongan samya jin.

13. Ingkang nampa burat lawan jejebadan
lan gelas mutyara di
atitirah retna
ataritip pakaja
Rekyana Patih Sanasil
wus tinimbalan
sang prabu abibisik.

14. Mengko yen wus wuru anakingsun Ambyah
gustimu nini putri

nuli alinggihna
wurine Jayengrana
nembah Kya Patih Sanasil
mring karang retnan
wus panggih sang aputri.

15. Retna Dewi Ismaya pambayunira
kang rayi Sadatsatir
putri kalokeng rat
tan ana sasamanya
sang retna ayu linuwih
pawonganira
sewu sami putri jin.

16. Sampun paes kusuma Dewi Ismaya
lampahe lan apsari
sigra mring ngayunan
kang rama akasukan
ginarbeg ing putri jin
njujug alenggah
wurine Jayengmurti.

17. Kagyat nolih amulat sang Kakungingrat
ing wuri keh pawestri
putri parayangan
parekanira sang dyah
ujwala ganda ngebeki
alon ngandika
sira mByah mring apatih.

18. Heh apatih sapa aneng wuriningwang
Sanasil matur aris
punika pan putra
nira rama paduka
inggih kang sepuh pribadi
pan ingkang raka
ing Radyan Sadatsatir.

19. Heh Sanasil endi lakine yayimas
turira kyana patih
dereng mawi krama
kedah momong sarira
dereng wonten kang marengi
lan ingkang karsa
yayi paduka dewi.

20. Heh Sanasil den trus ing sih pakenira
maring ing awak mami
sira umatura
ing kangjeng sri narendra
ingsun suwun yayi dewi
sun karya garwa
sandika kyana patih.

21. Sigra matur punika putra paduka
anuwun putri aji
gusti sang Ismaya
nedya kinarya garwa
lah iya kapan ing kapti
apa ing benjang
utawa ta ing mangkin.

22. Pan ing mangkin kewala asru karsanya
putra paduka aji
sang nata ngandika
ningkahna putraningwang
nini putri konen mulih
nuli saosa
mundur sang rajaputri.

23. Cinarita Wong Agung sampun apanggya
lawan sang rajaputri
dadya mong asmara
supe ing prajanira
sakala sang Jayengmurti

karem asmara
lawan sang rajaputri.

24. Retna dewi langkung asih ing rakanta
gung denya among resmi
langkung sukanira
sri bathara Ngajerak
dene putrane wus panggih
lan Kakungingrat
sirna sumlanging galih.

25. Kuneng wau kang lagya manggung asmara
Wong Agung Jayengmurti
neng nagri Ngajerak
gantya kang kawuwusa
sri bathara nyakrawati
duk ingaturan
marang sang Prabu Jobin.

26. Yen kang putra Wong Menak maring Jabal Kap
ing Mekah mangkya sepi
kadya sakit kalap
kesahe Jayengrana
tan mawi bala satunggil
estu yen kalap
binekta ing dhedhemit.

27. Endi ana ejin ngrasaya manusa
solahe Jayengmurti
tuhu tanpa nalar
sumambung Patih Bestak
yen suwawi sri bupati
leng kapundhuta
gusti sang rajaputri.

28. Parandene tinilar dening kang raka
balane Jayengmurti
inggih tinumpesan

aroyom aturira
marang sagunging narpati
dadya sang nata
budhal saking Medayin.

29. Saha bala wus prapta nagari Mekah
sigra angepung kikis
kemput sanagara
kagya bala jro kitha
satriya para narpati
arsa maguta
ajrih tan wonten weling.

30. Wadya sami miranti saking jro kitha
Betaljemur winarni
apan tan kena sah
lan prabu nyakrawatya
mangkana akirim tulis
marang jro kitha
dalu denira manjing.

31. Prapta wismanira Arya Tasikwaja
lan Arya Ngalabani
binuka kang nwala
penget layang manira
Betaljemur ing Medayin
iya praptaa
marang sutengsun kalih.

32. Adipati Tasikwaja ya kalawan
Dipati Ngalabani
pamuji ing Pangran
kapindho ing utusan
heh wiyose anak kalih
lungane iya
sutengong Jayengmurti.

33. Prasetyane iya mung wolulas dina

pan iya nora prapti
besuk iku prapta
yen wus wolulas warsa
aneng Katijah nagari
papanggihira
kawula lawan gusti.

34. Lamun sira padha kukurangan pangan
metuwa anak mami
saking kitha Mekah
iya sakarsanira
nagara kang dera broki
lamun meh prapta
iya wolulas warsi.

35. Iku nuli abroka kutha Katijah
ing kono sira panggih
lawan gustinira
poma ta sutaningwang
neng Katijah aja gingsir
sira tetepa
lah ora weling malih.

36. Ya ta ngungun duk kalanira miyarsa
wau wong agung kalih
dene seratira
Betaljemur amekca
Kya Umarmaya lingnya ris
heh yayi Maktal
sagung para narpati.

37. Undhangana mring pakuwonira sanya
satriya pra bupati
ingsun marang pura
matur lawan sang retna
lamun ana serat prapti
tan adangu ingwang
yayi anuli mijil.

XV. SANG AMIR PUPUTRA PUTRI NAMA DEWI KURAISIN.

MIJIL

1. Umarmaya prapta jroning puri
   ngarsane sang sinom
   sampun katur kang nwala wangsite
   lamun wonten serat ingkang prapti
   wau saking jawi
   Bapa Betaljemur.

2. Katur sadaya raosing tulis
   angungun sang sinom
   dene teka mangkene dadine
   Umarmaya ingsun anglakoni
   iya pitungkasing
   Bapa Betaljemur.

3. Lah pikiren Marmaya den aglis
   lawan para katong
   lamun ingsun anglastarekake
   sawekase Betaljemur sidik
   Ki Umarmaya glis
   prapteng jawi sampun.

4. Iya mring pakuwon Ngalabani
   sagung para katong
   Umarmaya aris ing wuwuse
   kayaparan sagunging pra aji
   de layang kang prapti
   Bapa Betaljemur.

5. Lamun pada katendhagan bukti
   pan kinen alolos

angungsi mring nagri ing liyane
pan ing Mekah iki nagri cilik
kanggenan para ji
lan kinepung mungsuh.

6. Apa sanggup rumeksa ing gusti
sagung para katong
ing dadalan lamun pakewuhe
dene iya pitenahe Jobin
matur kang para ji
sadaya pan sanggup.

7. Umarmaya wus lejar kang galih
sagale pra katong
sigra marang ing jro kadhatone
matur marang Arya Dul Muntalib
yen kinen gumingsir
marang Betaljemur.

8. Angandika Arya Dul Muntalib
yen kaya mengkono
iya aja ngliraken wekase
barang tuduhe mituhu sami
basuki pinanggih
wong anut ing guru.

9. Sigra Marmaya matur sang putri
kinen aneng gawong
sakathahe wong kaputren kabeh
wus siyaga pan sami umijil
kebut sapara ji
lampahe ing dalu.

10. Gumaredeg wadya nut umijil
tigang yuta uwong
ingkang ngepung samya kendel bae
datan ana wani marepeki
tinut saking tebih
kang ngepung tut pungkur.

11. Nagri Nastani kang denlebeti
sedyane pra katong
Patih Bestak laladan prajane
Umarmaya iku angriyini
juti ngekawarni
Bestak warnanipun.

12. Umarmaya wus prapta ing kori
nguwuh sarwi ndhodhok
heh wong Nastan wenganana age
ingsun iki dutaning narpati
mundhut sang suputri
karsane sang prabu.

13. Ana kang nusul ya laku mami
ingkang para katong
bala Ambyah padha ngusir bae
lamun ora enggal denwengani
kacandhak sang dewi
sigra kang atunggu.

14. Kori saketheng glis denwengani
Marmaya prapteng jro
nulya sigra manjing sadayane
kang rumeksa ing sang rajaputri
kagyat wong Nastani
miyat para ratu.

15. Bala Ngarab dudu wong Medayin
samya ngungun njomblong
arsa nutup Marmaya tan aweh
dadya laju manjing kutha sami
setun ta kuwawi
namung kawan taun.

16. Yen langkunga saking kawan warsi
kadi lamun repot
inggih boten kuwawi yaktose

kadi boten purun ananggoni
Marmaya nuruti
lah ta sakarepmu

17. Kang nututi saha bala prapti
Medayin lan Kaos
wus kinepung kutha Nastan dene
prabu Kaos lan prabu Medayin
mangkan wus lami
prapta patang taun.

18. Budhal saking ing kitha Nastani
gumrah kang punang wong
pan apajeg tan owah lampahe
Arya Maktal wus anonjok tulis
prabu Ngalabani
tinimbalan methuk.

19. Raja Sarka budhal saprajurit
sawahana katong
mbekta bala sakethi cacahe
wus kapethuk bala Puserbumi
lan wong Ngalabani
kabeh wus malebu.

20. Lengkung sinugun-sugun angenting
ngancaran pra katong
samya kinen manjing sadayane
Raja Sarkap kang maksih ngantosi
kendel lang nututi
wong Kaos Medayun.

21. Mulat ana baris angebeki
kinepung saking doh
Raja Sarkap punika wastane
dene Maktal kinen madeg aji
atengga nagari
Maktal kang anuduh.

22. Sawusira bala Ngarab sami
atata pakuwon
Raja Sarkap manjing sabalane
kineh nutup saketheng tumuli
wong jro kutha sami
tugur aneng pangung.

23. Rajeng Sarkap tugur lan para ji
sang retna ngadhaton
para nata samyeca manahe
kathah pacangkraman adi-adi
jro kutha winarni
pasire karepu.

24. Padhas karikil maniking warih
marma bra yen tinon
datan ana kang cemeng selane
budhal marang nagara Sekaji
pan nagar Barik
nenggih kuthanipun.

25. Ratu embane sang rajaputri
Barik sang akatong
pan punika milya ing kaputren
kalih sanak umadeg bupati
langkung angaosi
solahnya sang prabu.

26. Kesel temen atiningsun iki
tan emut sang katong
agung nguya-uya mring putrane
dipunenggal padha amengani
lamun anututi
panggahen prang pupuh.

27. Wus prapteng jro kang rama nut wuri
lawan prabu Kaos
patang taun neng ngriku lamine

sigra budhal neng nagri Magribi
Raja Mas anenggih
methuk sawadya gung.

28. Tinututan mring raja Medayin
lawan nateng Kaos
tigang taun ing ngriku lamine
budhal marang Katijah nagari
sri Katijah nenggih
saha bala methuk.

29. Manjing kitha kori dentuguri
dene para katong
pang mangkono Nusirwan lamine
saenggone sang rajapinutri
kinepung ing baris
angoyok tan purun.

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TK
DITJEN NESF DEP

30. Wrat sinangga bala Puserbumi
ingkang para katong
pan sarambut datan ana mengeng
Betaljemur seratira prapti
kinen aywa gingsir
ing Katijah kukuh.

31. Kuneng Katijah ingkang winarni
sang Jayengpalugon
apan kadi sareng ing lakune
nanging carita kinarya genti
kang aneng nagari
Ngajerak mong lulut.

32. Kacarita weweka sasiki
wanodya kinaot
wus sinungan paparab putrane
nenggih Retna Dewi Kuraisin
wayah duk lumiling
cahyanira mancur.

33. Dyan samana ri sang Jayengmurti
pinarak karongron
apan sarwi amangku putrane
winawangwang Retna Kuraisin
yu temen nakmami
nelahi pinunjul.

34. Yayi Ismaya mirib sireki
iya sutaningong
nanging kurang prak ati semune
nora memper yayi muninggarim
amanis abangkit
liringe pandulu.

135. Yayi Ismaya iki linuwih
manising pasemon
nanging kurang duga graitane
durung mirib yayi Muninggarim
tyasira katawis
nadyan arawat luh.

36. Angandika Menak Jayengmurti
yayi jatiningong
oneng marang raka para angger
Retna Muninggar putri Medayin
Dewi Ismaya lir
pinetik kang kalbu.

37. Apa gawe tetep aneng ngriki
sang Jayengpalugon
kudu katon maring kakasihe
kang pinunjul salumahing bumi
sakurebing langit
mung Muninggar ayu.

38. Mesem nauri sang Jayengmurti
apa nora linyok
ujaringsun yayi satuhune

nadyan tri bawana ngong tan manggih
amanis alantip
ratuning wong ayu.

39. Retna Ismaya sangsaya mbekis
kadya wong kawuron
heh ta iku neng kene pa gawe
teka nora akekinthil-kinthil
mring dadya galih putra ing Medayun.

40. Alon nauri sang Jayengmurti
yayi tan mangkono
apa ingsun cacaturan bae
pepesajan bae ingsun yayi
Dewi Ismaya ngrik
sarya sru anuwun.

41. Kesel temen iya ati mami
ndeleng wong mangkono
ora surtah lungaa den age
ing Ngajerak tan ana pawestri
mung nagri Medayin
nggone putri ayu.

42. Dene iku trah Nabi Ibrahim
tan asih maring wong
apan Nabi Ismail bangsane
tedhak Kures musthikaning janmi
teka karya serik
apa iku dudu.

43. Duk miyarsa Menak Jayengmurti
ing wuwus tanpa ndon
lan den angsa-angsa kawijile
putranira sinelehken nuli
narik pedhang nuli
kang rayi binuru.

44. Kang rayi mubeng anyandhak aglis
Kraisin binopong
medal mesat ing gagana age
tan katingal awor mega putih
wangsul Jayengmurti
busana rinasuk.

45. Sakaprabonira ing ngajurit
medal sing kadhaton
inya lumajar ṃring dalem gedhe
tur uninga ing sri narapati
putra paduka ji
gusti Jayengpupuh.

46. Abebendon kalayan kang rayi
wau sampun miyos
sri narendra animbali age
ingkang putra lan rekyana patih
Raden Sadatsatir
sigra kang tinuduh.

47. Gya andhegen kakangira aglis
lah patih sakaro
sigra nulya nututi kalihe
kyana patih matur ngasih-asih
dhuh paduka gusti
tinimbalan wangsul.

48. Apan sampun wiyahing akrami
arebut padudon
Jayengmurti rengu dennya noleh
paman patih yayi Sadatsatir
